O`zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’

Tariyx fakul`teti

**Utepbergenova Xurliman Ayapbergenovna**

# Qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiliginde a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlar ha’m wolardi’n’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi roli

## PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshi’si’**
**f.i.k. docent Z. Seytova**

**No`kis-2015**

Pitiriwshi talaba Utepbergenova Xurlimanni’n` «Qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiliginde a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlar ha’m wolardi’n’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi roli» temasi’ndag`i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ «Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha`m huqi’q ta`limi» kafedrasi’ni’n` 2015-ji’l «______» _________ ku`ngi «____»-sanli’ protokoli’ tiykari’nda ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n` qorg`awi’na jiberiwdi usi’ni’s etedi.

«Milliy ideya, ruwxi’yli’q
tiykarlari’ ha`m huqi’q ta`limi»
kafedrasi’ basli’g`i’: A.Embergenov

Pitiriwshi talaba Utepbergenova Xurlimanni’n` «Qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiliginde a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlar ha’m wolardi’n’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi roli» temasi’ndag`i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ «Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha`m huqi’q ta`limi» kafedrasi’ni’n` 2015-ji’l «______» _________ ku`ngi institut rektori’ni’n` «____»-sanli’ buyri’g`i’ menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’na qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’ qarari’ menen Utepbergenova Xurlimanni’n` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na ____ ball qoyi’ldi’.

**Joba:**

Kirisiw

**I-bap: A'dep-ikramli'li'q qa'driyatlar ha'm milliy ideya**

1.1. Awi'zeki a'debiyat a'dep-ikramli'li'qti'n' sag'asi'

1.2. Xali'q danali'g'i' milliy ideyani'n' tiykarg'i' dereklerinin' biri

**II bap: Awi'zeki do'retiwshiliktin' – milliy ideyani' qa'liplestiriwdegi worni'**

2.1. Qaraqalpaq awi'zeki do'retiwshiligi – joqari' insani'y pa'ziyletler

2.2. Watang'a muxabbat, xali'qqa xi'zmet yyetiw ideyalari.

**Juwmaqlaw**

**Paydalani'gan a'debiyatlar dizimi**

## Kirisiw

«Biz ushi’n tariyxi’y, ma’deniy, uli’wma ma’nawiy qa’diriyatlar xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’n ba’lent saqlaw, jas awladti’ tarbiyalaw yen’ tiykarg’i’ wazi’ypa boli’p qali’wi’ kerek. Biz quratug’i’n ja’miyet O’zbekistan xalqinin’ turmi’si’n, huqi’qlari’n ha’m yerkinliklerin kepilleytug’i’n milliy qa’driyatlari’ni’n’ ha’m ma’deniyati’ni’n’ qayta tikleniwi, insanni’n’ ma’nawiy, a’dep-ikramli’li’q ba’rkamalli’g’i’n ta’miynlewi kerek», deydi Prezidentimiz Islam Karimov.

**Temani’n’ aktualli’g’i’**: Milliy ruwxi’y qa’driyatlarda xali’qti’n’ dunyag’a ko’z-qarasi’ ha’m turmi’sqa muna’sibeti, ishki ta’biyat ha’m turmi’s ta’rizi wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Bularda millettin’ ruwxi’y a’lemi ha’m woylaw ta’rizi, arzi’w-u’mitleri ha’m ideallari’, hu’jdani’ ha’m ar-nami’si’ wo’z ko’rinisin tabadi’. O’lar xali’qti’n’ ku’ndelik wo’miri ha’m turmi’s ta’rizinde wo’zine ta’n wo’lshem wazi’ypasi’n wo’teydi. Usi’ qa’driyatlar ja’rdeminde ha’r qi’yli’ qubi’li’slarg’a ha’m jag’daylarg’a, jan’a payda boli’p ati’rg’an iskerlik tu’rlerine ha’m salt-da’sturlerge baha beriledi. Jas a’wladti’n’ wo’mirlik bag’darlari’ da, «zaman qaharmani’» haqqi’nda ko’z-qaraslari’ da ruwxi’y qa’driyatlardan kelip shi’g’i’p qa’liplesedi.

Xali’q awi’zeki do’retiwshiligi ruwxi’y qa’driyatlardi’n’ aji’ralmas bir bo’legi si’pati’nda joqari’da atap wo’tilgen ruwxi’y potentsialdi’n’ barli’g’i’na iye. Milliy ruwxi’y qa’driyatlardi’n’ bir bo’legi bolg’an xali’q awi’zeki do’retiwshiliginin’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi worni’ ha’m a’hmiyetin izertlew aktual ma’selelerdin’ biri.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’:** Biz wo’z pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq xalqi’ni’n awi’zeki do’retiwshiliginde sawlelengen a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlari’n u’yreniw, wolardi’n’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi worni’ ha’m rolin analizlewdi tiykargi’ maqset yetip qoydi’q.

Usi’ maqsetten kelip shi’gi’p to’mendegi wazi’ypalardi’ belgiledik:

- milliy ideyani’n’ milliy ruwxi’y qa’driyatlar menen baylani’slari’n izertlew;

- qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde sa’wlelengen tiykarg’i’ moralli’q qa’driyatlar sistemasi’n analizlew;

- bul qa’driyatlardi’n’ milliy ideologiya ideyalari’na u’nles yekenligin, wolarg’a ruwxi’y negiz bolatug’i’nli’g’i’n ashi’p ko’rsyetiw;

- qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiliginin’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwge ruwxi’y-psixologiyali’q, a’dep-ikramli’li’q potentsiali’n jari’ti’w.

**Jumi’sti’n’ jan’ali’g’i’:** Jumi’sta qaraqalpaq xalqi’ni’n’ awi’zeki do’retiwshiliginin’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi ruwxi’y-psixologiyali’q, qa’driyatli’q, ta’rbiyali’q potentsiali’ ilimiy- teoriyali’q jaqtan analizlenedi.

**Jumi’sti’n’ ilimiy ha’m a’meliy a’hmiyeti:** Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’nda keltirilgen materiallar milliy g’a’rezsizlik ideyasi’n qa’liplestiriw, woni’ xali’q sanasi’ ha’m qa’lbine sin’diriw, milliy wo’zligimizdi an’law, barkamal insandi’ jetilistiriw ma’selelerin jari’ti’wda ilimiy-teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye.

**Temani’n u’yrengenlilik da’rejesi:** Qa’diriyatlar, milliy qa’diriyatlar, a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlar haqqi’nda hu’rmetli Prezidentimiz Islam Karimov, soni’’n’ menen birge O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan filosoflari’ wo’z shi’garmalari’n do’retken. Mi’sali’: Prezidentimiz Islam Karimov «Joqari’ ruwxi’yli’q-jen’ilmes ku’sh», «O’zbekistan XXI-a’sir bosag’asi’nda: qa’wipsizlikke qa’wip, turaqli’li’q sha’rtleri ha’m rawajlani’w kepillikleri», «Tariyxi’y yadsi’z keleshek joq», «O’zbekistan XXI-a’sirge umti’lmaqta», «O’zbekistan ulli’ keleshekke qaray», «Azat ha’m abat Watan, yerkin ha’m pa’rawan turmi’s – basli’ maqsetimiz», N.Ortikov «Ma’naviyat: milliy va umuminsoniy qa’diriyatlar», J. Tulenov «Qa’diriyatlar falsafasi», X.O. Shayxova, Q. Nazarov «Umuminsoniy qa’diriyatlar va ma’naviy kamolot», Akademik Jumanazar Bazarbaevti’n «Milliy ideya - bizin ideyami’z», «Ruwxi’yati’mi’z marjanlari’ yamasa u’lgili yel u’lkenin, ko’regenli yel o’tkenin qa’sterleydi» miynetleri ha’m ko’plegen gazeta materiallari’, M.Yakubov, S.Abaev, A.Berdimuratova, U.Xudaybergenovalardi’n miynetlerin atap wo’tiwge boladi’.

**Jumi`sti`n` du’zilisi:** Jumi`s kirisiw, yeki bap, to’rt paragraf, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

## I-Bap: A’dep-ikramli’li’q qa’driyatlar ha’m milliy ideya

### 1.1. Awi’zeki a’debiyat a’dep-ikramli’li’qti’n’ sag’asi’

Qa’diriyatlar ma’selesine g’arezsizlik da’wirine kelip u’lken itibar qarati’ldi’. Xalqi’mi’zdi’n neshshe a’sirlerden berli qa’dirlep kiyati’rg’an milliy u’rp-a’detleri ken’ tu’rde belgilenip, wolar boyi’nsha unamli’ isler amelge asi’ri’ldi’. Asirise, ta’lim-ta’rbiya tarawi’nda milliy qa’diriyatlari’mi’zdan paydalani’w ken’ jolga qoyi’ldi’. Hu’kimetimiz bul islerge ayri’qsha itibar berip, jaslardi’n’ ha’r ta’repleme bilim ali’wi’na sharayatlar jarati’p berdi.

Qa’diriyatlardi’n tariyxi’, tami’rlari’ ha’m insaniyatqa ta’n qadir tuti’w printsiplerinin’ qaliplesiwi uzaq wo’tmishke bari’p taqaladi’. Bati’s ali’mlari’ bul tarawda Evropa ma’deniy miyrasi’ ha’m ideyalari’na tayanadi’. Biz Sokrat ha’m Platon, Aristotel` ha’m Gegel` u’lken itibar bergen bul maselenin’ Bati’s filosofiyasi’nda wo’z tariyxi’na iye ekenligine gu’man keltirmeymiz. Lekin, woni’n teren’ tami’rlari’n Shi’gi’stan da qi’di’ri’wi’ kerek si’yaqli’. Bizin’ ata-babalari’mi’z jaratqan qa’dirlew tu’siniginin’ tariyxi’ yen’ a’yyemgi naqi’llar, rawayatlar, dastanlarg’a-xali’q awi’zeki do’retiwshiligi ulgilerine bari’p taqaladi’. Spitamen, Muqanna, Jalaladdin Manguberdi haqqi’ndagi’ shi’garmalarda, Alpami’s, Tumaris, Shi’raq tuwrali’ a’psana ha’m da’stanlarda watandi’ su’yiwshilik, xali’q ha’m jurt azatli’gi’ ushi’n pidayili’k si’yaqli’ ko’plep uli’wma insani’yli’q qa’diriyatlar ja’mlengen.

Milliy qa’diriyatlari’mi’z ken’ sawlelengen dereklerden biri - bul xali’q da’stanlari’ boli’p, wolarda milliy qa’diriyatlari’mi’zdi’ ko’riwimizge boladi’. Adamzat ja’miyetinin’ belgili bir rawajlani’w basqi’shi’nda yetnikali’k toparlar, uri’wlar ha’m qa’wimlerdin’ birigiwi negizinde xali’qlar, woni’n jaslardi’ turmi’sqa tayarlawdagi’ a’meliy ta’jriybesi ko’rinedi. Xali’q do’retpelerinin’ negizgi tu’rleri da’stanlar menen yyerteklerde, apsanalar menen naqi’l-maqallarda unamli’ qaharmanlar xali’qti’n, watanni’n shi’n azamati’ da’rejesine ko’terildi. Wolar aqi’l-parasatli’, adamgershilikli, xujdanli’, tapqi’r, ras so’zli, hadal, uqi’pli’, miynet su’ygish, wo’nerli, miyrim-sha’pa’a’tli, mu’riwbetli, qayi’r-saqawatli’, insapli’, qi’yi’nshi’li’qlardan qori’qpaytugi’n ma’rt yetip ko’rsetiledi.

Da’stanlar xalqi’mi’zdi’n’ basqa ko’rkem awi’zeki do’retpelerine qarag’anda adam wo’mirin ken’ turde qamti’ytug’i’ni’ ha’mmemizge belgili. Wonda qaharmanni’n’ tuwi’li’wi’nan baslap, yer jyetiwine deyingi waqi’yalar, jeke xojali’q a’ti’rapi’ndag’i’ waqiyalardan basqa yellerdin’, ishki-si’rtqi’ jag’daylari’, toli’p ati’rg’an xali’q da’sturleri, qaharmanlardi’n’ yeline, xalqi’na degen muxabbati’, woni’n’ ushi’n ali’p barg’an guresleri so’z etiledi.

Qaraqalpaq dastanlari’ «Alpami’s»ta, «Qoblan»da, «Sharyar»da, «Edige»de, «Maspatsha»da, «Qi’ri’q qi’z»da jaslari’mi’zg’a ideal bolatug’i’n Alpami’s, Qoblan, Sharyar, Edige, Ari’slan, Maspatsha, Otbasqan, A’njim, Ayparsha, Gulayi’m obrazlari’ do’retilgen. Xalg’i’mi’zdi’n’ ko’rkem awi’zeki do’retpelerinde bul tipik qarqrmanlar ra’zirgi a’wlad ushi’n bati’rli’qti’n’, ma’rtlikti’n’, xadalli’qti’n’, joqari’ adamgershilikti’n’, yeldi, xali’qti’ su’yiwshiliktin’, go’zzali’qti’q aktualli’li’q a’deplilikti’n’, dosli’qti’n’, shi’n ma’nisindegi muxabbati’n’ u’lgilerin beredi.

Joqari’da ati’ atalg’an qaharmanlar ha’m wolardi’n’ atalmag’anlari’ da wo’tkendegi bir neshe a’wlad ata-babalari’mi’zdi’n’, analari’mi’zdi’n’ ka’malg’a kelip, jetik insan boli’wi’nda, yen’ qa’dirli ulgisi, ta’rbiya alg’an mektebi bolg’an. Wolardi’n’ da’standag’i’ alti’n so’zleri menen is ha’reketleri wo’mir boyi’ xalg’i’mi’zdi’ jaqsi’li’qqa, a’dillikke ta’rbiyalag’ani’ gumansi’z. Xalqi’mi’zdi’n’ danalari’ ta’repinen do’retilgen bul alti’n g’aziyne ha’zirgi ha’m keleshek a’wladti’n’ ri’whi’y dunyasi’n bayi’ti’wda, wolardi’ yel, xali’q azamati’, shi’n ma’nisindegi insan boli’p ta’rbiyalani’wi’nda ulken qural boli’p xi’zmet yetedi.

Milletti’n’ jas awladqa ta’lim-tarbiya beriwdegi qi’yallari’ menen woylari’, tilekleri menen umitleri, niyetleri menen arzi’w-armanlari’ ta’rbiyani’n’ milliy maqsetine aylandi’, ta’rbiyani’n’ milliy maqseti qa’liplesti.

Xali’q do’retpelerinin’ negizgi turleri dastanlar menen yerteklerde, a’psanalar menen naqi’l-maqallarda unamli’ qaharmanlar xali’qti’n’, watanni’n’ shi’n azamati’ da’rejesine ko’terildi. Wolar aqi’l parasatli’, adamgershilikli, xujdanli’, tapqi’r, ras so’zli, xadal, uqi’pli’, miynet suygish, wo’nerli, miyrim-sha’pa’a’tli,

muriybetli, qayi’r-saqawatli’, insapli’, qi’yi’nshi’li’qlardan qori’qpaytug’i’n ma’rt yetip ko’rsetiledi.

Tuwi’lg’an jerin, xalqi’n dushpanlardan qorg’aytug’i’n bati’r, ata-anasi’ ha’m tuwg’an-tuwi’qanlari’na g’amxor, adamlarg’a mexriyban, muxabbatqa wopadar, suyiklisine sadi’q, so’zi menen isi bir, wa’desine berik insan, ardaqli’ a’ke, mexriyban ana, xadal perzent si’pati’nda ta’riyplenedi.

Bizin’ ata-babalari’mi’z a’detinde iship-jegen awqatlardi’ g’ana haram ha’m hadalg’a bo’lip qo’ymastan o’lardi’n’ minez quli’qlari’, ta’rtibi, islep ati’rg’an isleri hadal ha’m haramg’a aji’rati’lg’an.

Adamzatqa ta’n a’dep-ikramli’li’q normalardi’n’ biri bul kishipeyillik, a’lpayi’mli’q normalari’. Adamnin’ kishipeyil ha’m a’lpayi’m boli’wi’na tiykarg’i’ sebep, wol ta’biyg’i’y maqluq retinde wo’tkinshi, al wo’zinin’ adamzat urpag’i’na jyetiwi menen sotsialli’q maqluq retinde ku’shli. Demek, adam wo’zinin’ adamlar aldi’nda, ja’miyet aldi’nda, ta’biyat aldi’nda, juwapkershiligin sezse wol kishipeyil boladi’. Kishipeyil adam basqa adamlardi’ si’ylaydi’, wolarg’a a’lpayi’mli’q qatnas jasaydi’, basqalardan ayri’qsha boli’p turi’wg’a ha’reketlenbeydi, wo’zinin’ jeke xi’zmetlerin ko’rsetip marapatlanbaydi’. Kishipeyil adam adamgershilikli, mehriban boladi’, adamg’a ha’mme waqi’t ja’rdem beriwge tayi’n turadi’. Kishipeyillik-bul a’piwayi’ na’rse yemes, wol a’det, wol sotsialli’q da’reje bo’li’p yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’n da xali’q «kishipeyillik-kishilik emes, al kisilik» dep duri’s aytqan. Kishipeyillik penen bir qatarda, haq kewillilik te insanni’n’ jaqsi’ pa’ziyletlerinin’ biri. Haq kewil adam basqalardi’n’ i’g’bal baxti’na, wolardi’n’ xi’zmetine ha’m oni’n’ jeke wo’mirindegi jen’islerine wo’zinin’ baxti’, wo’zinin’ jen’isi retinde qarap wog’an quwanadi’. Wol adam kisilerdin’ baxti’ni’n’ da, ja’miyettin’ baxti’n sa’wlelendiretug’i’n adamlar. Wol adam bolsi’n, ha’mmenin’ isi jurissin, menin’ xi’zmetim, menin’ tabi’si’m qala beredi, ha’mmenin’ tabi’si’ bolsi’n, ha’mmenin’ tabi’si’ menin’ tabi’si’m dep isenedi. Wol wo’zin birewdin’ ko’mek sorawi’n tiletpey-aq, wo’zinin’ haq kewilliligi menen ko’mek beriwge tayar turadi’. Bunday adamdi’ xali’qta haq ju’rek adam dep ataydi’.

Haq kewil - adam aq ko'kirek, kewlinde kiri joq, wo'tirik ayti'wdi', aldawdi' bilmeydi. Woni'n' ruwhi'y dun'yasi'na jat qumarli'qti', maqtanshaqli'qti', mensinbewshilikti, ta'kabbarli'qti' da bilmeydi. Sabi'rli'li'q ta adamni'n'a'dep-ikramli'li'g'i'ni'n' bir ko'rinisi boli'p tabi'ladi'. Sabi'rli'li'q-adamni'n' wo'zin-o'zi biylewi bo'li'p wol wo'z ishine wo'zinin'ha'reketin, aldi'na qoyg'an maqsetine jyetiwge, wo'z ha'reketin bag'i'ndi'ri'w uqi'pli'li'g'i', qi'yi'nshi'li'qlardi' jen'ip wo'zinin' sezimlerinin' u'stinen qadag'alawdi' iske asi'ri'w, wo'zin basi'w, do'gerektin' qarsi'li'g'i'na ushi'rasqanda pessimistlik yamasa avantyuristlik keyiplerdi taslaw uqi'pli'li'g'i'. Wol adamni'n' erkinin' kushliliginin' ko'rsetkishi ha'm soni'n' menen qatar gumanistlik qatnasti'n' tiykari' boli'p yesaplanadi'.

Sabi'rli'li'q a'dep-ikramli'li'qta joqari' bahalani'p ushqalaqli'qqa, shi'damsi'zli'qqa qarsi' tusinik. Buni'n' ta'rbiyali'q si'pati' sonda, adam birden qi'zi'p ketpesten ha'r istin' son'i'na bag'i'p, woylani'p is qi'ladi'. Sebebi, «Ashi'w aldi'nda, aqi'l keyninde keledi» degen xalqi'mi'z. Sabi'r a'dep-ikramli'li'qti'n' ruwxi'y tayani'shi'ni'n' biri. Sabi'rli' kisi qi'yi'nshi'li'qardi' ma'rtlik penen qabi'l etedi. Al jen'il ta'biyatli' kisi qapa-qa'ste bo'ladi', tso'zin wotqa taslaydi', qayg'i' g'amg'a beriledi.

Sabi'rli'li'q-bul adamda juwapkershilik sezimlerin de ta'rbiyalaydi'. Wol za'ru'riy yemes jag'dayda adamni'n' yerkin-i'qti'yari'n, wo'z ha'wesin irke biliw bo'li'p esaplanadi'. Sonli'qtan da sabi'rli' adam ja'miyette u'lken abi'rayg'a iye bo'li'p, woni' ha'mme mo'yi'nlaydi', adamlar woni'n' ta'sirine wo'z erki menen berilip, woni'n' so'zlerin i'qlasi' i'qti'yari' ha'm bar intasi' menen wori'nlaydi'.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda ha'm tariyxi'nda tuwi'lg'an jer temasi' og'ada ari'dan Edil, Jayi'q penen baylani'sli' dereklerden, ha'tteki «Qi'ri'q qi'z», «Qo'blan» da'stanlari'ni'n' do'reliwi da'wirlerinen baslap negizgi a'hmiyetli tema retinde ji'rlani'p kiyati'rg'anli'g'i' dawsi'z. Berdaqti'n' «Qulen boli's» shi'g'armasi'nda:

«Bir neshsheler mi'n' tu'p deydi,
Neshsheler mi'n'nan da ko'p deydi,

Kelin barmaq ekpe jiyde,

Bag’i’n’da bar Qulen boli’s»[1]dep jazadi’. Berdaq shayi’r tvorchestvosi’nda tuwi’lg’an jer, watandi’ su’yiw ideyalari’ wo’zgeshe usi’llrda, ji’rlang’an. Wol wo’zinin’ barli’q shi’g’armalari’nda tuwi’lgan ma’kan wo’zinin’ wo’sken jerin’di bil, suwdi’ qa’dirle dep u’yretti. Ata-babam jasag’an jer, kindik qan tamg’an hasi’l topraq, a’diwli watanda qa’sterlewdi alg’a tutti’.

Jumi’s isle, tuwi’lg’an son’ yel ushi’n

Jani’n’di’ ayama yelde, yer ushi’n,

Kindikten qan tami’p tuwg’an jer ushi’n,

Wo’lip ketkenin’she xi’zmet jaqsi’raq[2].

Berdaq wo’zinin’ «Xali’q ushi’n», «Izleredim» lirikasi’nda watandi’ su’yiw, qa’sterlew wol ushi’n xi’zmet yyetiw menen belgilenetug’i’ni’n ayta kelip ilim–bilim si’rlari’n u’yreniw, izleniw arqali’ Watandi’ a’diwlew, woni’ pu’tkil a’lemge tani’sti’ruw ideallari’n teren’ tu’sindiredi. Berdaq shayi’r Watandi’ su’yiw, tuwi’lg’an jerdi qa’dirlew sezimlerin xalqi’mi’zdi’n’ milliy tariyxi’n, o’tmishin, bu’ginin, erten’gi keleshegin biliw, ata- babalar joli’n, ata tegin’di biliw negizlerin teren’ tusindiriw menen wortag’a qoygan.

A’jiniyaz shayi’rdi’n’ bizge qaldi’rg’an bay a’de`biy miyraslari’n u’yreniw, izertlew, ken’ ja’miyetshilikke teren’ tusindiriw ha’zirgi waqi’ttag’i’ yen’ a’hmiyetli ha’m iygilikli ma’selelerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Wol wo’zinin’ yen’ bahali’ shi’g’armasi’ «Bozataw» poemasi’nda Watan haqqi’ndag’i’ milliy a’hmiyetke iye ideallardi’ alg’a qoyadi’:

Jer ha’m el bilandur, el ha’m jer bilan,

Jersiz eldin’ kuni da’rba’dar bilan[3].

A’jiniyazdi’n’ su’wretlewinde tuwi’lg’an jer -Watan jer ja’nneti bo’li’p ko’rinedi. Shayi’r «Ellerim bardi’», «Bardur», «Eldi ko’rer kun barma eken?» atli’ qosi’qlari’nda dun’yani’n’ ju’zinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ elindey, jerindey, yel, ma’kan joq, dep jazadi’:

[1] Berdaq. Tan’lawli’ shi’g’armalari’ni’n’ toli’q ji’ynag’i’, QQMB. N.1950, 238-b.
[2] Sol jerde
[3] Paxratdinov A’. A’jiniyaz do’retpelerinin’ sag’alari’. «Qaraqalpaqstan jaslari’». 1994-j., 19-noyabr.

Arzi’w a’yler ko’n’ilimiz yo’z yurti’mi’zg’a barg’ali’,

Yari’w-doslar ha’m qa’dirdan bila’n birge jurgeli,

Ra’xim a’yle, patshaxi’m, elge jetker sen meni

Ya ilaxi’m, elimdi ko’rer kunler barmeken?[4]

Xali’qqa xi’zmet yetiwdin’ wo’zinin’ xaqi’yqat ma’pi dep yesaplap, wog’an shi’n muxabbati’ menen pidayi’ bolg’an qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yen’ su’yikli shayi’ri’ Ibrayi’m Ysupov xalqi’n alpi’s ji’ldan ko’birek wo’z poeziyasi’ menen jandi’ri’p, talpi’ndi’ri’p, ji’lati’p, ku’ldirip, marapatlap woy pikirin qozg’ap, basqalardi’n’ la’zzeti ushi’n tu’nlerdi uyqi’si’z wo’tkerip, uyqi’ni’ jen’iw menen qosi’qti’ toli’g’i’ menen bag’i’ndi’ri’p alg’an xaqi’yqi’y shayi’r jetik insan. Wol xali’qti’n’ miynetke degen i’qlasi’n wo’z shi’g’armalari’nda joqari’ ko’rkemlik penen suwretlegen.

Miynet dese jen’ tu’ringen palwanday,

Arbag’a taw tiye dese tiyegin- dep ko’rsetedi[5].

Shi’ni’nda da qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yen’ bahali’ a’detlerinen biri miynetsu’yiwshilikti, wo’ni’n’ a’hmiyetin, miynettin’ ta’rbiyali’q rolin obrazli’ yetip ko’rsyetiw ha’m do’retiwshi miynettin’ la’zzetin shag’i’wg’a shaqi’ri’w woni’n’ poeziyasi’ni’n’ xarakterli belgisi. Shayi’r bul haqqi’nda bi’lay deydi:

Miynet zawqi’n sursen’ o’mir sawli’g’i’n,

Miynettin’ tabi’lar maqset-muradi’n’,

Su’rsen’ belli da’wran ushsan’ qanati’n’,

Miynetten ko’rgen ha’z shiyrin pal bolar.

Shayi’r Watang’a su’yispenshilik, ba’lent i’qlas penen Watang’a mi’naday ani’qlama yyetiwge a’keledi:

Bul Watan jani’m juregim ha’m ko’zim qasi’m menin’,

Bul Watanni’n’ topi’rag’i’ xasi’l gawxar tasi’m menin’,

Bul Watanda jasawshi’ adam bawi’rlasi’m menin’[6].

[4] Paxratdinov A’. A’jiniyaz do’retpelerinin’ sag’alari’. «Qaraqalpaqstan jaslari’». 1994-j., 19-noyabr.
[5] Bazarbaev J. Danali’gi’ gozzalli’qqa ulasqan shayi’r.Nokis «Bilim». 2008.
[6] Bazarbaev J. Danali’gi’ gozzalli’qqa ulasqan shayi’r.Nokis «Bilim». 2008.

Ibrayi’m Ysupovti’n’ shi’g’armalari’nda dosli’qti’n’ qu’diretli kush yekenligi sezilip turadi’. Woni’n’ poeziyasi’nda dosli’qti’n’ tiykari’- opadarli’q, biyg’a’rez jurek ha’mirinen bayda bolg’an shi’n i’qlas, mehir –muxabbat birdemlik sezimler. Wo’mir o’tkinshi, woni’n’ ishinde wopali’ dos penen jasag’an shag’lari’n’ yen’ baxi’tli’, xesh na’rsege ten’ kelmeytug’i’n demler wo’mirdin’ yen’ jaqsi’ ma’wirtleri. Adamni’n’ kewli na’zik, juregi a’ziz. Wol ha’mme waqi’tta quwani’shlari’n da, ta’shwishlerinde de wo’zinin’ qasi’nda bolatug’i’n xaq kewil pikirles, g’amxor. Da’rtles kisige zaru’rlik sezedi. Wonday dosti’ shayi’r wozinin’ «Bir dosti’n’ bolsi’n» degen qosi’g’i’nda dosti’n’ ruwxi’y ta’repten qollap quwatlawshi’, wo’mir joli’nda awi’r jugin’di jen’illyetiwshi, g’a’m-ta’shwish shekkende kewlin’di alatug’i’n qa’dirdan yekenligin ko’rsetedi:

Aqi’l parasatli’, g’oshshaq azamat,
Bolsi’n wo’zin’nende bir qa’dem ziyat,
Wol ha’m sennen alsi’n yosh penen quwat,
Asqar taw aybati’n- bir dosti’n’ bolsi’n.
Qaynap ketsen’ tarti’p qoysi’n wo’ti’n’di’,
Sharashap qalsan’ meshewlesin ati’n’di’,
Aqi’l woyi’ asqati’qtay tati’mli’,
Jigitin’ jo’n biler, bir dosti’ bolsi’n[7].

Shayi’r ti’ni’nshli’q tati’uwi’li’qti’n’ tiykari’, al tati’wuli’q bolsa ti’ni’shli’qti’n’ sebebi ekenligin keltirip onnan filosofiyali’q juwmaq shi’g’aradi’.

Ko’p xali’qlar arasat azabi’n sheger,
Prezidentten tarti’p diyxang’a qa’der,

Muxabbat qu’diretli ku’sh, wo’ni’n’ tarti’m ku’shli pa’tli ha’m quwani’shli’. Wol bir tamannan adamg’a la’zzet bag’i’shlawi’ menen, yekinshi tamannan wo’zinin’ si’rli’li’lg’i’ menen qorqi’ni’shli’. Ibrayi’m Ysupovti’n’ shi’g’armalari’nda muxabbat ma’selesi woni’n’ derlik barli’q qosi’q qatarlari’nda sezilip turadi’. Wol muxabbat, su’yispenshilik sezim temasi’n wo’zinin’ pu’tkil shi’g’armasi’na arqaw etken, u’zbey, toqtatpay ji’rlag’an. Wol yeldi, jerdi,

[7] Bazarbaev J. Danali’gi’ gozzalli’qqa ulasqan shayi’r.Nokis «Bilim». 2008.

Watandi’, ta’biyatti’ su’yedi woni’n’ wog’an muxabatti’ tek tilden emes shi’n jurekten shi’qqan xaqi’yqi’y kewli ha’m go’zlegen maqseti. Sebebi wol «Muxabbatsi’z bulbil sayrag’an emes» dep tasti’yqlasa, wo’zinin’ Watandi’ xali’qti’ su’yiwdegi mo’ldir muxabbati’n shayi’rli’qti’n’ wo’shpes bulag’i’ dep yesaplap,

Kewilimde so’nse jasli’q muxabbati’m,

Qalayi’nsha men shayi’r bola alaman.

Dep shayi’rli’q talanti’ni’n’ xali’qqa, elge muxabbati’nan yekenligin ko’rsetedi.

Solay etip, akademik Jumanazar Bazarbaev wo’zinin’ jazg’an maqalasi’nda bi’lay deydi: «Qa’diriyatlar - insanni’n’ ruwxi’y jetilisiwinin’ a’hmiyetli faktori’. Qa’driyatlarg’a boysi’ni’w insanni’n’ bilimge uqi’pli’li’g’i’n ha’m a’meliy imkaniyati’n ken’eytip, teren’lestirip baratug’i’ni’n ko’rsetedi. Qa’driyatlar insandi’ ma’na’wiy jetiklikke jeteleydi. Sebebi, wolar adamlardi’ insanpa’rwarli’q, demokratiya, sotsialli’q a’dalatli’q ideyalari’ menen bezeydi. Millettin’ g’a’rezsizligin ardaqlaydi’, dosli’qqa, awi’zbirshilikke, birge islesiwge, da’rtleslikke shaqi’radi’. Ha’mme elde ti’ni’shli’q, tati’wi’li’qti’n’ qarar tabi’wi’na, adamni’n’ admg’a qatnasi’ndag’i’ ma’lha’mlikti, mexribanli’qti’ ta’riypleydi».

Qaraqalpaqlar tek Worayli’q Aziyada g’ana emes, al uli’wma dun’ya ju’zi xali’qlari’ arasi’nda da wozinin’ milliy madeniyati’, da’stu’rleri, u’rp-a’detleri menen keskin aji’rali’p turatug’i’n, wog’ada bay ruwxi’y qa’diriyatlarg’a iye xali’q boli’p esaplanadi’. Usi’nday ruwxi’y du’rdanalari’mi’zdi’n aji’ralmas bir bo’legi yesaplang’an xali’q awi’zeki do’retpeleri mi’nlag’an ji’llar dawami’nda awladtan-awladqa, atadan-balag’a wo’tip, yen’ qa’dirli xali’q ga’ziynesi si’pati’nda izin jog’altpay kiyati’rg’an, tarbiyali’k ahmiyeti ha’r qi’yli’ ja’miyetlik ha’m turmi’sli’q motivlerdi wo’z mazmuni’na sin’dirip alg’an ja’ne wolar menen birge qa’liplesip, rawajlang’an a’meliy, ilimiy imkaniyatlari’ menen daralani’p turadi’.

Milliy wo’nerge, u’rp-a’detlerge sadi’q boli’p qalg’an, xasi’l so’zge jani’ qumar xalqi’mi’z usi’ milliy qa’diriyatlari’mi’zdi’n xasi’l du’rdanalari’n ko’zdin’ qarashi’gi’nday qa’sterlep, wo’zinin’ ju’rek to’rlerinde saqlay bildi.

Prezidentimiz Islam Karimovti’n’ ayti’p wo’tkenindey, «…qaraqalpaq xalqi’ wo’zinin a’yyemgi tariyxi’, u’rp-a’detleri, da’stu’rleri, tili, ma’deniyati’na ta’n ta’kirarlanbas belgileri menen aji’rali’p turadi’… qaraqalpaqlardi’n’ wozine ta’n ko’rkem-o’neri, nama –qosi’qlari’, atqari’wshi’lari’ni’n jagi’mli’ ha’m biyik lapi’zi’ ha’mmeni tan’ qaldi’radi’… mine usi’nday a’debiyati’, mine usi’nday ma’deniyati’ bar eken, qaraqalpaq xalqi’ xesh qashan kem bolmaydi’»[8].

---

[8] Karimov I.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon xayot-pirovard maqsadimiz.T.3.-T.: O’zbekiston, 2000.-103,111-b.

### 1.2. Xali’q danali’g’i’ milliy ideyani’n’ tiykarg’i’  dereklerinin’ biri

Jas awladti’ a’dep-ikramli’li’qqa ta’rbiyalawda xalqi’mi’zdi’n’ u’rp-a’detlerinin’ belgili da’rejede ta’siri bar. Qaraqalpaq xalqi’ talay asi’wlardan asi’p wo’tse de wozinin’  u’rp-a’detin, salt-da’stu’rlerge usi’ ku’nge shekem saqlap kelgen.

Qaraqalpaq shayi’ri’ I.Yusupov tili menen aytkanda:

«Ati’n’ bar to’rt buwi’nnan

Aytarda tilge awi’r.

O’zin’ qi’rqttay-aq xali’qsan

Da’sturin’ pilge awi’r…».

Bul jerde teren’ ma’ni jati’r. Jaslardi’ hadalli’qqa, haq kewillikke, a’dep-ikramli’li’qqa tar`biyalawda ata-ana, shan’arak ag’zalari’ ha’m mektep basli’ ori’ndi’ atqaradi’. Ta’lim-ta’rbiya haqqi’nda Muha’mmed Paygambardi’n’ xa’dislerinde de keltirilgen: «Xesh bir a’ke wo’z perzentine minez-quli’q a’debinen ulli’raq miyras bere almaydi’» 735-5000 «Xadisler». Ata –anag’a xu’rmet yetiw haqqi’nda da ayti’lgan: «Kimdur ata-anasi’na jaqsi’li’q qi’lsa og’an qanday jaqsi’. Oni’n’ wo’miri ziyada boladi’». 812 «Xadis». «A’kelerin’izge, analari’n’i’zg’a jaqsi’li’q qi’li’n’lar, sonda balalari’ni’z sizlerge jaqsi’li’q qi’ladi’» 555 «Xadis». Muha’mmed: «Kimge jaqsi’li’q qi’layi’n dep sorag’an sahabasi’na u’sh ma’rtebe  anan’i’zg’a dep, to’rtinshisinde anan’a dep aytqan». «Jannet analardi’n’ ayagi’ni’n’ asti’nda».  Bul jerde analardi’n’ qu’diretli ulli’ ku’sh ekenin jaslari’mi’zdi’n’ ko’z aldi’na eleslyetiwimiz tiyis.

Jasi’ u’lkenge xu’rmet etip sa’lem beriw, miymandi’ to’rge shi’gari’p si’ylaw xalqi’mi’zdi’n a’zelden kiyati’rg’an u’rp-a’detlerinin’ biri. Xalqi’mi’zda mi’naday ga’p bar: «Miyman atan’nan ulli’»,  «Miyman kelse esikten, ba’le-qa’de shi’gi’p keter tesikten».

«Ku’n shi’gi’sqa sapar shekken azamat,

Asi’k’ dosti’m bizin’ jaqqa jyetiwge…

Eger uyge bes ku’n miyman kelmese,

Shayi’ qonbas menin’ bayg’us anamni’n’»…I.Yusupov «Ku’nshi’gi’s jolawshi’si’na».

En’ jaqsi’ u’rp-a’detlerimizdi jaslari’mi’zdi’n’ miyine sin’dirip bari’w. Bir-birew menen tati’w, dosli’qta jasaw jaqsi’ pazi’yletlerdin’ biri. «Atan’ni’n dosti’-senin’ dosti’n’, bul dosli’qti’ dawam ettir» degen danali’q so’z bar.

Qaysi’ bir xali’q bolmasi’n wo’zinin’ wo’tmishine, tariyxi’na, awi’zeki do’retpelerine iye. Yele xat, jazi’w payda bolmag’an zamanlardan berli-aq qaraqalpaq xalki’ da wo’zinin’ awi’zeki do’retpelerine iye bolg’an. Xali’q shayi’rlari’ do’retken awi’zeki ko’rkem shi’garmalar ju’z ji’llap, xatteki mi’n’ ji’llar dawami’nda da atadan-balag’a awladtan-awladqa wo’tip wolardi’n’ ko’bisi bizin’ dawirimizge kelip jetken. Xali’q awi’zeki do’retpeleri bolg’an: yertekler, naqi’l-maqallar, jumbaqlar, qosi’qlar, ayti’slar, jan’i’ltpashlar, da’stanlardi’n’ da’slep belgili bir avtorlari’ bolg’an. Aradan bir neshe ju’z ji’llardi’n’ wotiwi menen bular wo’zgeriske ushi’rap, wolardi’n avtorlari’ umti’li’p, bul do’retpeler uli’wma xali’qli’q ga’ziynege aylang’an.

Usi’ do’retpelerde xali’qti’n’ awi’r turmi’si’, oy-pikirleri, arzi’w-armanlari’, jaqsi’ turmi’s ushi’n xali’qti’n’ gu’resi oni’n’ ku’shi sawlelengen. Xali’q o’tmishte ko’p na’rselerdi a’rman etken. Waqi’tti’n’ o’tiwi menen xali’qti’n’ qi’yali’ shi’nli’qqa aylani’p ati’r. Adamlar ju’yrek tulparlar, qanatli’ tulparlar obrazlari’n do’retken. Sol dawirde bul obrazlar qi’yali’y bolgani’ menen izi haqi’qatli’qqa aylandi’.

Tariyixti’ haqqani’y u’yreniw, onnan sabaqlar shi’gari’w lazi’m. O’zbek, qaraqalpaq xali’qlari’ dun’ya ma’deniyati’ ga’ziynesine mu’nasip u’les qosqan milletler qatari’nan maqtani’shli’ ori’n iyeleydi. Ma’deniy estelikler, arxitekturali’q iskusstvosi’ u’lgileri, eski qol jazbalar- milliy ruwxi’yli’gi’mi’zdi’n’ biybaxa du’rdanalari’nan boli’p tabi’ladi’. Bulardi’ abaylap-asi’raw, keleshek awladlarg’a jetkiziw ruwxi’yli’q tarawi’ndag’i’ en’ aktual ma’selelrdin’ biri.

Tariyx yesteligi, xali’qti’n`, janajan u`lkenin`, ma’mleketimiz wo`tmishinin` qali’s ha’m xaqi’yqi’y tariyxi’n tiklew milliy wo`zligimizdi an`lawdi’, eger kerek bolsa, milliy da’stu`rlerimizdi tiklew ha’m wo`siriw bari’si’nda wog`ada

a`hmiyetli wori'ndi' tutadi'. Tariyx millettin` haqi'yqi'y ta`rbiyasi'na aylani'p barmaqta. Ulli' ata-babalari'mi'zdi'n` isleri ha'm ma`rtlikleri tariyxi'y yadi'mi'zda janlandi'ri'p jana puxarali'q sana-sezimdi bayi'tpaqta. A`dep-ikramli'li'q ha'm u`lgi mektebine aylani'p ati'r.

Tariyxi'y ta`jiriybe, da'stu`rlerdin` miyras boli'p wo`tiwi- bulardi'n` ba`ri jan`adan-jan`a a'wladlardi' ta`rbiyalaytug`i'n qa'diriyatlarg`a aylani'wi' lazi'm. Bizin` ma'deniyati'mi'z putkil insaniyatti' wo`zine tarti'p kiyati'rg`an woray boli'p qalg`anli'g`i' si'r emes. Samarqand, Buxara, Xiywa tek ali'mlar ha'm ko`rkem-o`ner i'qlasbentleri ushi'n g`ana emes, balki tariyx ha'm tariyxi'y qa'diriyatlar menen qi'zi'g`atugi'n ha'mme adamlar ushi'n zi'yarat yetetugi'n wori'nga aylang`an.

Xalqi'mi'zdi'n` yetnik, ma'deniy ha'm diniy sabi'rli'li'g`i' ma`nawiy woyani'wdi'n` ja`ne bir tawsi'lmas bulag`i'. Mi'n` ji'llar dawami'nda Orayli'q Aziya wog`ada ha`r ki'yli' dinler, ma'deniyatlar ha'm turmi's keshiriw qa`biliyetleri tutasqan ti'ni'sh tati'w jasag`an woray boli'p keldi. Yetnik sabi'r-taqat, ken`peyillik, turmi's boranlari'nan aman qali'w ha'm rawajlani'w ushi'n za`ru`r ta'biyiy normag`a aylandi'. Ha`tte bul a`tiraplardi' basi'p alg`anlarda da Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n` ma'deniyati' aldi'n`da bas iyip g`ana qoymastan, woni'n` yen` bahali' da'stu`rlerin, bul jerde payda bolg`an ma'mleketshilik yelementlerin asi'rap-abaylap qabi'l etti.

Bizin` ja'miyetlik wwo`mirimizdi refomalasti'ri'w ha'm jan`alaw baslani'p ketkenligi sebepli ma`nawiy ma'deniyatti'n` qu`diretli qatlamlari' ashi'ldi'. Wolar xali'q ma`nawiy watansuyiwshilik, milliy maqtani'shi'mi'z, pu`tkil du`n`ya ushi'n qushag`i', ken` pazi'yletlerge qaray keskin wo`zgertip jiberdi. Bul bolsa xali'q ma`nawiyati' qu`diretinin` birinshi belgisi boli'p tabi'ladi'. Bul ma`nawiyat sol da`rejede jarqi'n ha'm wo`zine ta`n ku`shke iye, wol integratsiyadan hesh qori'qpaydi', kerisinshe du`n`ya ja'miyetshiliginin` wo`zinshe bir bo`legine aylani'wg`a ha`reket etpekte.

G`a’rezsizligimizdin` wo`tken ji’llari’ni’n` en` a`hmiyetli juwmag`i’ barli’q xali’qlar ushi’n “Uli’wma u’yimizge” tiykar sali’ng`anli’g`i’ jan`a ko`p elatli’ birlik ju`zege kelgenligi boldi’.

Xali’qi’mi’z ma’deniyati’ni’n` uli’wma xali’qli’q mag`i’zi’, a`dep-ikramli’li’q, ma`nawiy qa’diryatlari’ni’n` ha’m milliy wo`zligimizdi anlawdi’n` tikleniwi usi’ birliktin tiykari’n kuraydi’.

Xalqi’mi’z ma`nawiyati’ni’n` tikleniwi millettin` a`dep-ikramli’li’q qa’diriyatlari’ni’n` qa`liplesiwi teren` milliylik penen uli’wmainsani’yli’q u`zilmes boli’p baylani’si’p qalg`an qubi’li’s. O`zbekistanda jasap ati’rg`an xali’qlar, wo`zgesheligin joyi’tpaytug`i’n halda, uli’wma ma`nawiyatqa, minez-quli’q filosofiyasi’na iye boli’p ati’r. Bul g`a’rezsizlik ji’llari’ dawami’nda milletler arali’q tati’wli’q sag`asi’ boli’p kelgen birden-bir a`dep-ikramli’li’q tutqasi’n payda etti.

Ja’miyettin` diniy-ma`nawiy tiykarlari’n, xalqi’mi’zdi’n` mi’n` ji’lli’q a`dep-ikramli’ qa`liplesiwi ta`jiriybesin wo`zine ja`mlegen İslam ma’deniyati’n tiklew wo`z tag`dirin wo`zi belgilew, tariyxi’mi’zdi’ yeste tuti’w, ma’deniy tariyxi’y birlikke iye boli’w joli’ndag`i’ u`lken a`hmiyetli qa`dem boldi’. Yeski meshitler qayta tiklenbekte ha’m jan`alari’ payda boli’p ati’r. Woqi’w wori’nlari’ni’n` tarmag`i’ ken`eyip ati’r. İslam milliy da’stu`rlerinin`, İslam ma’deniyati’ni’n` tikleniw bari’si’ İslamdi’ si’rttan ha`r qanday “import” yyetiwden waz keshiw, islamg`a siyasiy tu`s beriw ha’m siyasatqa islam ma`nawiyati’n bag`i’shlawdan waz keshiw tuwri’ yekenligin ko`rsetti.

Ma`nawiy tikleniw insanni’n` jerge ha’m woni’n` bayli’qlari’na bolg`an qatnasi’qlardi’ da wo`z ishine ali’wi’ lazi’m. Tsivilizatsiya belgilerin asi’rap-abaylaw qanshama za`ru`r bolsa, awi’l xojali’g`i’ mi’n` ji’llar dawami’nda putkilley suug`ari’latug`i’n diyxanshi’li’qqa tiykarlang`an regionda jer ha’m suwdi’ abaylap asi’rawda wog`ada a`hmiyetli jer, xawa, suw ha’m quyash Orayli’q Aziyada yerteden qa’dirlenip kelingen, ata-babalari’mi’zdi’n` zoroastrizmnen tarti’p islamga deyin bolg`an barli’q dinler tarmag`i’nan mu`na`sip qa’dirlep kelingen.

Ma`nawiy qa’diryatlardi’n` tag`i’ bir ku`diretli bulag`i’ da’stu`riy shan`araq ha’m ag`ayi’n-tuwi’sqanshi’li’q qatnasi’qlari’ etikasi’nan ibarat. U`lkenlerdi xu`rmet yetiw, wo`z-ara ja`rdem beriw, keleshek a’wlad haqqi’nda g`amxorli’q yyetiw bar ha’m woni’n` tiykarg`i’ qag`i’ydalari’ boli’p qalg`an. Tilekke qarsi’, bul qa’diryatlarg`a da sovet dawirinde a`dewir zi’yan tiygizdi.

Shan`araq qa’diryatlari’ ha’m tuui’sqanli’q qatnasi’klardi’n` qayta tikleniwi wo`z wwo`mirin tamam yeteyin dep turg`an shan`araq uri’w qatnasi’qlari’n ma`n`gilestiriw emes, al ha`r bir shan`araqti’n` ekonomikali’q, ma’deniy ha’m ka`sip tan`lawi’ni’n` yerkin boli’w imkaniyati’n an`lati’wi’ kerek.

Ma`nawiy qa’diryatlardi’n` tikleniwi olardi’n` ha’zirgi du`n`ya ha’m xabar tsivilizatsiyasi’ qa’diryatlari’na beyimlesiwin de anlatadi’. Biz ha’zirgi tsivilizatsiya wo`zinde ja`mlestiretug`i’n qa’diryatlar yesabi’nan huqi’qi’y demokratiyali’q ja’miyet quri’w qubi’li’si’ menen baylani’sli’ bolg`an qa’diryatlardi’ kirgizemiz. Bul insan huqi’qlari’n qorg`aw, isbilermenlik yerkinligin, baspa so`z yerkinligi ha’m t.b.

Usi’ demokratiyali’q qa’diryatlar ja’miyetimiz ushi’n u`lken axmiyetke iye yekenligi haqqi’nda ga`p yeter yekenbiz, bul qa’diryatlar tariyxi’y jaqtanda, etnik ma’deniy jaqtanda xalqi’mi’zdi’n` w`zine ta`n da’stu`rlerine qayshi’ yemesligin qayta-qayta yeskertiwdi qa`ler yedik, soni’n` menen birge, kishi biznes, jeke isbilermenlik, yerkin sawda, sotsialli’q a`dalat, wo`z-ara mu`na`sebet ha’m basqalardi’n` pikirine hu`rmet penen qaraw degen tu`sinikler bizin` jerimizde tariyxi’y tami’rlari’na iye.

Ma`nawiy tikleniw-pikirlew pazi’yletin g`a’rezsizlik ma`nawiyati’ belgileytug`i’n jana a’wladka tiyisli do`ryetiwshilik zi’yali’lari’ni’n` payda boli’wi’ degen so`z. Bizin` tu`sinigimizshe, qati’p qalg`an yeski dogmalardan waz keshiw, wo`z tariyxi’y wo`tmishimizden waz keshiw degen ga`p yemes. Bul bir ta’repleme ha’m kelte pikirlewden waz keshiw demek. Milliy woy-pikir wo`z rawajlani’wi’nda ma’deniy qubi’li’s wazi’ypalari’na du`n`ya shen`berinde qatnas jasawdi’, basqa xali’qlardi’n` ta`g`diyri, wolardi’n` wo`z-ara qatnaslari’ menen

jaqi’nnan qi’zi’g`i’wi’, insan turmi’si’ni’n` yen` teren`ine jetip bari’wi’, milliy talaplari’mi’zdi’ yesapqa ali’wi’ kerek.

Demokratiyali’q jamiyetti uli’wma insani’y ha`m milliy qa`diriyatlarsi’z quri’p bolmaydi. Qa`diriyatlar haqqi’nda pikir ju`ritkende woni’n` yeki quramli’ bo`legin na`zerde tuti’w kerek. Bunda, yen` da`slep, insanni’n` ob`ektiv a`lemge qarata bolg`an aktiv iskerligin ayri’qsha analiz yetiw za`ru`r. Uli’wma insani’y qa`diriyatlar tu`sinigine materialli’q ha`m ma`nawiy jag`day, jasaw sha`rt-sharayatlari’ni’n` rawajlani’wi’ ha`m miyrasli’q payda boli’p, jan`a-jan`a qa`diriyatlardi’n` qa`liplesiwine wo`tiwden miyras boli’p qalg`anlari’ bolsa da`wir ruwxi’, jan`a sotsialli’q talap ha`m rawajlani’w ushi’n tiykar bolg`an qa`diriyatlarg`a kiredi. Uli’wma insani’y qa`diriyatlardi’n` tiykarg`i’ wazi’ypasi’ a`lemdi biliw ha`m woni’ a`meliy wo`zgertiwdin` a`hmiyetli belgisi boli’p tabi’ladi’.

Uli’wma insani’y ha`m milliy qa`diriyatlar printsipleri uyg`i’nli’g`i’ sali’sti’rmali’ analizi woni’n` insan ma`nawiy ka`milliginin` a`hmyetli belgisi yekenliginen kelip shi’g`i’wi’ za`ru`r.

Xalqi’mi’zdi’n` keleshegi, yen` da`slep woni’n` wo`zine, ma`nawiy qu`diretine ha’m milliy sanasi’ni’n` do`ryetiwshilik ku`shine baylani’sli’. Bizlerdin` qa’diriyatlari’mi’zdi’ ha’zirgi uli’wmainsani’y demokratiyali’q ja’miyettin` qa’diriyatlari’ menen uyg`i’nlasti’ri’w keleshekte tag`i’ da gu`lleniwdin`, ja’miyetimizdin` du`n`ya ja’miyetshiligine qosi’li’wdi’n` girewi boli’p tabi’ladi’.

Ilim-bilim ha’m woni’n jetiskenlikleri - milliy yaki aymaqli’q shegaradan shi’gatugi’n, pu’tkil dun’ya ta’n alatugi’n, uli’wma adamzatqa xi’zmet qi’latugi’n bayli’q boli’p tabi’ladi’. Biraq ali’mni’n do’retiwshiligi ha’m oni’n’ ilimiy ashi’li’wlari’, en’ da’slep, oni’n milleti ha’m Watan dun’yag’a tani’tadi’, milliy qadriyatti’ pu’tkil adamzatti’n’ jetiskenligine aynaldi’radi’. Milliylik, xali’qti’n’ ruwxi’yli’gi’ ha’m psixologiyasi’, asirese, iskusstvo ha’m a’debiyat rawaji’nda jarqi’n ko’rinisin tabadi’. Iygilik ha’m pa’klikti, insani’yli’qti’, xaqi’yqatti’

ji'rlagan ulli' shi'garmalar qaysi' janrda yaki qaysi' tilde bolmasi'n, dun'yag'a tani'ladi', aqi'r-aqi'betinde mine usi' millettin' xali'q arali'q abi'royi'n ko'teredi.

A'dep-ikramli'li'q ha'm diniy qa'diriyatlar ko'pshilik jag'daylarda wo'z-ara baylani'sli' boli'p, jamiyettin' ruwxi'y joqarlawi'nda, jas awlad ta'rbiyasi'nda birdey mani'zli' ahmiyetke iye.

Ha'r bir xali'q, millet jaratqan ruwxi'y qa'diriyatlar, woni'n' du'n'yag'a ko'z-qarasi' ha'm turmi'sqa mu'na'sibeti, wo'zine ta'n biyta'krar wo'zgeshelikleri, a'sirese u'rp-a'det ha'm maresimlerde toli'q ko'rinis tabadi'. Wolar bir qansha sotsialli'q funktsiyalardi' atqaradi', milliy wo'zlikti saqlawda, jaslardi' tarbiyalawda, belgili bir ideyalardi' psixologiyag'a sindiriwde u'lken ahmiyetke iye. Ta'rbiya ha'm ta'limnin' milliy wo'zgeshelikleri de ruwxi'y qa'diriyatlar sistemasi'nda wo'z worni'na iye. Xali'qti'n keleshegi jaslarg'a baylani'sli' yekenligi qanshelli haqi'yqat bolsa, wolardi' milliy ruwxta tarbiyalaw za'ru'rligi de uli'wma ta'n ali'ng'an. Milliy ta'rbiya xali'qti'n wo'zin-o'zi saqlaw ha'm keleshegin tamiynlew faktori' boli'p tabi'ladi'[9].

Solay yetip, milliy ruwxi'y qa'diriyatlardi'n' ha'r bir quram bo'legi xali'qti'n' ga'rezsizlikti bekemlew ha'm keleshegin tamiynlewde man'i'zli' ahmiyetke iye. Xali'q awi'zeki do'retiwshiligi, yamasa folklor joqari'da so'z yetilgen barli'q ruwxi'y qa'diriyatlar quram bo'leklerin wo'zinde ken' sawlelendirgen qubi'li's. Wol xali'qti'n' ruwxi'y bayli'gi' si'pati'nda ma'deniyat tariyxi'nda u'lken wori'n iyeleydi, madeniyatti'n' rawajlani'wi'nda yen' ahmiyetli dereklerden yesaplanadi'.

Haqi'yqattanda xali'q awi'zeki do'retiwshiliginde insan-ta'biyat, insan-ja'miyet qatnasi'qlari'ni'n' barli'q ki'r-si'rlari', ilim-bilim, texnika progressin belgilep bergen gipotezalar, qi'yal-armanlari', jamiyette qabi'l yetilgen a'dep-ikramli'li'q talaplari' jarqi'n sawleleniwin tapqan. Naqi'l-maqallar, xali'q qosi'qlari', yyertekler, jani'ltpashlar, da'stanlar, bati'rli'q ji'rlari', ayti'slar, jumbaqlar, termeler tu'rinde wolar awladtan-awladqa wo'tip kelgen. Ha'r bir kelesi awlad woni'n' mazmuni'na, tu'rlerine wo'z ulesin qosi'p bayi'ti'p bargan.

[9] Milliy istiqlol g;oyasi'. T., Akademiya, 2005y.199-b.

Sonli’qtan da biz xali’q awi’zeki do’retiwshiligi ha’r bir xali’qti’n’ mentalitetinin’, qa’diriyatlari’n sawlelendiretugi’n derek.

## II-Bap. Awi'zeki do'retiwshiliktin' – milliy ideyani' qa'liplestiriwdegi worni'

### 2.1. Qaraqalpaq awi'zeki do'retiwshiligi – joqari' insani'y pa'ziyletler

Qaraqalpaq awi'zeki do'retpelerinin' bir tu'ri bolg'an naqi'l-maqallar. Xalqi'mi'z a'sirler dawami'nda so'z marjanlari'n yadtan toqi'g'an. Turmi'sta gezlesken ha'diyselerge qaray naqi'l-maqallar do'regen. Da'slebinde belgili avtori' umi'ti'li'p xali'q ga'ziynesine aylang'an. Naqi'l-maqallar awi'zeki do'retpesinin' en' o'tkir ha'm ta'rbiyali'q ma'nisi ku'shli tu'ri. Maqallar dani'shpanli'q pikir bayli'g'i'n ko'rsetedi. Naqi'l-maqal eki tu'rli ayti'lgan menen xali'q woni' bo'lip, yaki ayi'ri'p woti'rmaydi', al kelgen jerinde ekewinde ayta beredi. Olar bir-birine ku'ta jaqi'n.

Naqi'l-maqallar tu'rlerine qarap bir neshe toparga bo'linedi. Albette, birinshi gezekte ilim, bilim, o'ner tuwrali' bo'limine ko'birek itibar qaraladi'. Olar xali'qti'n' neshe mi'n' ji'llar dawami'nda puxtalap, kir juqti'rmay atadanan balag'a o'tkerip saqlap kiyati'rg'an xasi'l du'n'yasi'. Qaraqalpaq xali'q naqi'l–maqallari'nda jaqsi'li'q penen jamanli'q, dos penen dushpan, ashshi' menen dushshi', hadal menen haram, sanali'li'k penen sadali'q usag'an toli'p ati'rg'an turmi's detallari' sali'sti'ri'li'p so'z etiledi. Uli'wma turmi's yamasa adamgershilikke min bolatug'i'n jarasi'qsi'z zat yaki qubi'li'slar qatti' si'ng'a ali'nadi'. Adillik, ar-nami's tazali'g'i' tapti'rmaytugi'n bayli'q retinde bahalani'p, keleshek awladqa na'siyat etip qaldi'ri'ladi'[10].

Qaraqalpaq xalqi' o'zinin' turmi's tajriybelerine negizlene oti'ri'p, keleshek awladqa u'lgi bolarli'q moral` normalari'n do'retken. Xali'q danali'gi'nda ju'ris-turi'sti'n' normalari'n u'yretip, sadalardi' sanali'li'qqa, a'dep-ikramli'li'qqa ta'rbiyalawshi' mektep si'pati'nda ko'zge tu'sedi. «Bolayi'n desen' a'depli, xosh qi'li'q penen a'detlen, dawletin' taymas ha'rgiz, a'dep penen ziynetten», usag'an arti'q kemi joq danali'q hasi'l so'zlerge ko'z tikpey o'te almaymi'z. Adamni'n' minez-qulqi'n qaliplestiretug'i'n qagi'ydalar jamiyettin' talabi'na say tuwi'latug'i'nli'gi' «ha'r zamanni'n' bir sazi' boladi'» si'yaqli' teren' ma'nili

[10] Maqsetov Q., Tajimuratov A. Qaraqalpaq fol`klori'.No'kis, 1979 j.

so’zler menen da’lillengen. Adamni’n’ minez qulqi’, ekonomikali’q qatnasi’qlar tiykari’nda payda boli’p. Ekonomikali’q qatnasi’qlardi’n’ wo’zgeriwi menen moral` da wo’zgeredi. Degen menen qaysi’ ja’miyette qanday moral` bolmasi’n, wolardi’n’ basli’ ob`ekti adam, adamni’n’ barli’q wo’mir joli’, ja’miyet ha’m ta’biyat qubi’li’slari’na qatnasi’, sog’an sa’ykeslesken minez-quli’q normalari’n so’z etedi.

Xali’q usi’nday jamiyetlik minez-quli’q normalari’n belgilewde obraz, tiplerdi sali’sti’ri’p esapqa ala woti’ri’p, wolardi’ u’lken eki toparg’a bo’ledi. Unamli’lari’n «jaksi’», unamsi’zlari’n «jaman» so’zinin’ a’tirapi’na ja’mleydi. «Bolar bala on bes jasta baspan der, bolmas bala oti’zi’nda jaspan der», «Bet ju’zdin’ aynasi’» si’yaqli’ da’slepki ha’reketlerge qarap baha beriw ta’jriybesi usi’ni’ladi’. Jaqsi’ si’patlardi’ qabi’llag’an adamlardi’n’ dun’ya tani’wi’, estetikali’q sezimleri teren’ ha’m ha’r ta’repleme boladi’. Jaqsi’ qa’siyetlerdi iyelep, ko’p biliwi jasawi’na baylani’sli’ emes: «Ko’p jasag’an bilmeydi, ko’p ko’rgen biledi», «Ko’rgen biler ko’p o’ner, parq emes ko’p jasagan».

Qaraqalpaq xalqi’nin’ turmi’si’na o’mirlik joldas bo’li’p kiyati’rg’an da’stu’rleri bar. Atadan balag’a miyras bo’li’p kiyati’rg’an bul da’stu’rler de ma’n’gi wo’zgermeytugi’n bir qubi’li’s emes, kerisinshe wo’ni’n’ mazmuni’ wo’zgerip, rawajlani’p, bayi’p baradi’. Buni’ xali’qti’n’ «Da’stu’rdi’n’ wo’zi’gi’ bar, to’zi’gi’ bar» degen so’zinen ani’g’i’raq ko’riwge boladi’.

Naqi’l- maqallardi’n’ basi’m ko’pshiligi xali’q massasi’ni’n’ ideallari’n iske asi’ri’wg’a, yagni’y turmi’sqa duri’s ko’z-qarasti’ qa’liplestiriwge qarati’lgan. A’sirise turmi’s ushi’n za’ru’rli bolgan zatlardi’ iyelep u’yretiledi. So’lardi’n’qatari’nda materialli’q bayli’klardi’n’ qaynar bulagi’, abadan turmi’sti’n’ gilti retinde miynetti ko’rsetedi.

Miynet temasi’na arnalg’an naqi’l-maqallarda ha’r bir adamni’n’ ayanbay miynet etip, xali’qqa xi’zmet ko’rsyetiw ideyasi’ birinshi o’ri’ng’a qo’yiladi’. Miynet penen tabi’lg’an, dun’ya tatli’, baxi’t ma’n’gi boladi’. Miynetten qashi’w o’mir menen xoshlasi’w menen barabar. «Miynettin’ ra’ha’ti’ qasi’nda», «Miyneti qatti’ bolsa, jemisi tatli’ boladi’», «Ha’reketke bereket» degen juwmaq

shi’g’aradi’. Miynet temasi’ tiykari’nan diyxanshi’li’k, mal sharwashi’li’gi’, an’shi’li’k, bali’qshi’li’k ka’sipleri qusagan tarawlardi’ wo’z ishine aladi’. Bulardi’n’ qay qaysi’si’nda da miynet turmi’s tirishiliginin’ aji’ralmas bo’legi, bir protsesstin’ eki tarepi dep qaraydi’. Qaraqalpaq xalqi’ usi’ ka’siplerdi xojali’kti’n’ en’ jetekshi tarawlari’ si’pati’nda qaragan.

Diyxanshi’li’q ka’sibi boyi’nsha do’regen naqi’l-maqallarg’a na’zer awdargani’mi’zda diyxanshi’li’qti’n’ ma’deniyati’n’ artti’ri’wda qaraqalpaq diyxanlari’ni’n’ bay ta’jiriybeler toplap, ha’r tu’rli usi’llar qollang’anli’gi’ bayqaladi’: «Jerdi su’rsen’ gu’z su’r, gu’z surmesen’ jer su’r», «Jazi’ menen qoni’p ushqan, ki’si’ menen toni’p shi’qqan» uqsag’an naqi’l-maqallar.

Qaraqalpaqlardi’n’ jer sharayati’nda diyxanshi’li’q ushi’n sheshiwshi na’rselerdin’ biri- suw boli’p esaplanadi’. Xali’qti’n’ tirishiligi birden biri jer, suw islerine baylani’sli’ bolg’anli’qtan mudami’ usi’lar haqqi’nda ko’p ku’sh jumsaydi’. «Ana jer suw menen saqi’y», «Jer g’a’ziyne, suw gawxar», «Suw keldi-nur keldi» dep bahalasa, suwgari’w sistemasi’n ta’rtipke keltiriw islerine baylani’sli’ «A’ken’ murab bolg’ansha jerin’ oy bolsi’n», «Sag’adag’i’ suw ishedi, ayaqtag’i’ uw ishedi» degen naqi’llar do’regen.

Qaraqalpaq xali’q xojali’g’i’nda en’ jetekshi tarawlardi’n’ biri mal sharwashi’li’gi’. To’rt tu’lik mal ha’m woni’n’ xojali’qta tutqan worni’ tuwrali’ da ko’p g’ana naqi’l-maqallar do’regen. Mi’sali’: «Temir tartqan tari’qpas», «Jazdagi’ juwi’ndi’, qi’stag’i’ asqati’q». Basqa xali’qlar si’yaqli’ qaraqalpaq folklori’nda da to’rt tu’lik maldi’n’ ishinde ji’lqi’ mali’ ayri’qsha qa’sterlengen. «Jaqsi’ at jigittin’ qanati’», «Ji’lqi’ sawsa sawi’n, minse ko’lik» dep suwretlengen.

Bir qatar naqi’l-maqallarda mal o’siriwdin jollari’, xojali’q ushi’n qaysi’si’ paydali’, tu’r-tu’si boyi’nsha da sali’sti’ri’p suwretlep beredi. Ma’selen: «Qoy ji’ynasan’, qoni’si’n tap», «Qoy kerek bolsa qazanda qi’ri’q, ju’n kerek bolsa miyzanda qi’ri’q», «Mal ji’ynasan’ qoy ji’yna, qoli’n’ ketpes sharadan», «Tani’masan’ targi’ldi’ al, en’ bilmesen’ ko’kti al». Bul jerde olshew tasi’ bolgan na’rse-maldi’n’ o’sip-o’niwi, uslap-tuti’wg’a jen’illigi usag’an belgileri esapqa ali’nsa kerek.

Usi’nday bir qatar naqi’l-maqallarda xali’qti’n ka’sibine baylani’sli’ moraldi’n’ qa’liplesiwi, yag’ni’y adam xarakterin maldi’n’ ha’reketine eliklep ti’msallap suwretleydi: «Ari’q mal ti’ri’sqaq, ash adam uri’sqaq», «Mal iyesine uqsamasa haram o’ledi».

Xali’q xojali’gi’nda diyxanshi’li’q penen mal shari’washi’li’gi’ menen bir qatarda bali’qshi’li’q penen an’shi’li’q ka’sipleri de ahmiyetli rol oynag’an. Bul ka’siplerde ka’mbag’al xojali’qlar ushi’n ku’n ko’ristin’ en’ apiwayi’ usi’li’ boli’p, «O’zek jag’alaganni’n’ o’zegi talmas», «sho’l jagalap qon», «tiri alti’n izlesen’, dar`yag’a bar» si’yaqli’ biyg’a’rez jasap ku’n ko’riwdi’n’ joli’n izlegeni bayqaladi’.

Sawda ta’jirybesine baylani’sli’ naqi’l–maqallardi’n payda boli’wi’ tovar – aqsha aylani’si’ni’n bir qansha ko’rkeygen dawirine tura keledi dep shamalawg’a boladi’. O’ytkeni bul tarawda do’regen naqi’l–maqallardi’n’ ko’bisinde zatlardi’ pul menen bahalaw ha’m ha’r tu’rli o’lshem birlikleri so’z boladi’. «Jeti ku’nde bir bazar, oni’ da jawi’n buzar», «U’ydegi sawdani’ qaladag’i’ ni’rq buzar», «Dun’ya tiyinnen ji’naladi’», «Bazarda mi’n’ kisi bar, birew menen birewdin’ ne isi bar», «Ha’r kim tani’g’ani’na sa’lem beredi».

Soni’n menen qatar sawda-sati’q islerinin’ xali’q psixologiyasi’na abden sin’iskenligi «Jaqsi’ menen sawda qi’lsan’ teris bolmas, jaman menen sawda qi’lsan’ tegis bolmas», «Esabi’n’ haq bolsa, ju’zin’ aq bolar, na’siyen’ naq bolsa, qari’ydar sag’an jaq bolar».

A’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlardi’ sawlelendiriwde ayri’qsha wori’ndi’ yertekler iyeleydi. Barli’q xali’qlarda bolg’an si’yaqli’ qaraqalpaq xalqi’nda da yertekler arqali’ jaqsi’li’qqa tarbiyalaw na’zerde tuti’lg’an. Anaw yaki mi’naw jawi’z ku’shlerdi uzag’i’na wo’mir su’rdirmey jer menen jeksen etedi. Molshi’li’q, paraxatshi’li’q, dosli’q–usi’lardi’n’ ha’mmesi xali’qti’n wo’mir boyi’ ku’tken armanlari’. Yerteklerdegi qaharmanlar da usi’lar ushi’n gu’resedi, usi’lar ushi’n jan pida’ etedi. Yerteklerdegi ha’r qi’yli’ a’jayi’p na’rseler xali’qti’n’ maqsetine erisiwdegi a’rmanlari’ni’n’ iske asi’wi’ ushi’n jasalg’an boli’p suwretlenedi. Yerteklerdegi ha’r qi’yli’ an’lar menen quslardi’n’, si’yqi’rli’ na’rselerdin’

yertektin’ unamli’ qaharmanlari’na ko’meklesiwi de xali’qti’n’ usi’ abadanshi’li’qti’, ti’ni’sh –tati’w, toq zamandi’ arman etkeninen bolsa kerek.

Yerteklerdegi dosli’q, basi’na is tuskende dosti’na, joldasi’na ja’rdemge keliw, wa’dege wopadarli’q kibi paziyletler ji’rlanadi’. O’z alg’an joli’nan, maqsetinen bas tartpay, woni’n joli’nda ne bir qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’iw de yertek qaharmanlari’na ta’n bolg’an qa’siyetler.

Bul yerteklerdegi uzag’i’na ko’re alatug’i’n si’yqi’rli’ ayna, o’lini tirilte alatug’i’n ka’ramatli’ qamshi’ menen a’bi za’mza’mnin’ suwi’ – usi’lardi’n’ ha’mmesi de ilim –bilimge jetisiwdegi xali’qti’n’ a’sirler dawami’ndag’i’ a’rman qi’yallari’ni’n’ ko’rinis edi. Bul jaqsi’ umitleri menen tilekleri xali’qti’n’ o’zi oylag’ani’nday iske asqanli’g’i’n o’mir o’zi ko’rsetip ati’r.

Ha’zirgi zamandag’i’ ilimnin’, texnikani’n’ ko’rilmegen da’rejede o’sken jan’ali’qlari’: radio, telefon, televizor, samolyot, kosmosli’q texnika, suw asti’ kemeleri, komp`yuter texnikasi’, gen injeneriyasi’ jetiskenlikleri ha’m tag’i’ basqalar. Bulardi’n’ ha’mmesi xali’qti’n’ neshe mi’n’ ji’llap ku’tken a’rman qi’yallari’ edi. Yerteklerdegi bul ka’ramatli’ na’rselerdin’ sa’wleleniwi o’ni’ ti’n’lawshi’lardi’ qi’yal yetiwge, izleniwge, dun’yani’ tani’wg’a jetekleytug’i’n faktor boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq yerteklerinin’ ishinde do’rewi jag’i’nan en’ eski tu’rlerinin’ biri haywanlar haqqi’ndag’i’ yertekler boli’p esaplanadi’. Haywanlar adamlar ta’repinen so’z etilip, yertekke aylani’wi’, adamlardi’n’ haywanlarda qanday da bir ku’sh bar dep tu’sinip kelgenliginen derek beredi. Haywanlardi’n’ ha’r qi’yli’ ses shi’g’ari’p, topi’li’s jasawlari’ adamlar ushi’n qorqi’ni’shti’ payda etken. Mine bunday yerteklerde haywanlar menen baylani’sta bolg’an mifologik, diniy isenimlerdin’ totemizm inani’mlari’ni’n bar ekenligin ko’riwge boladi’.

Bul yerteklerde ko’binese bas qaharmanlar ha’m qatnasi’wshi’ personajlar u’y haywanlari’nan tu’ye, eshek, at, qoy, qoraz, iyt, pi’shi’q bolsa, jabayi’ haywanlardan jolbari’s, ash qasqi’r, tulki, sag’al, qoyan, bo’dene ha’m t.b. boli’p keledi. Bulardi’n’ birewleri ku’shli, birewleri hiyleker, sum, birewleri sada etip su’wretlenedi. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ o’tkendegi siyasiy-ekonomikali’q

jag’dayi’nda shug’i’llani’p kelgen tarawlar-sharwashi’li’q, diyxanshi’li’q, sawda-satli’q isleri bolsa, mine bul turmi’sli’q faktler haywanlar haqqi’ndag’i’ yerteklerde o’z ko’rinisin tapqan. Mi’sali’: «Eshek ha’m o’giz» degendi alayi’q. Bunda o’gizin qosqa qosi’p, jer suretug’i’n boladi’. Yamasa «Yeshek penen tu’ye» degen yertekte iyesi eshekke eki batpan, tu’yege ush batpan duz arti’p a’kelip satatug’i’n boladi’. Buleki yertekte de o’tkendegi xali’qti’n kun ko’rinisinin’ real kartinasi’ni’n’ eles beretug’i’nli’g’i’n an’g’i’ri’wg’a boladi’[11].

Ja’miyettin’ rawajlani’wi’ menen klassli’q da’wi’rdin’ payda boli’wi’ xali’q ta’repinen do’retilgen haywanlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ mazmuni’na ta’sir jasaydi’. Bundag’i’ qatnasi’wshi’ qaharmanlar – haywanlar tikkeley haywanlar haqqi’nda bolmay, sol haywanlar arqali’ anaw yaki mi’naw tiptegi adamlardi’n’ minez-qulqi’, is-ha’reketleri astarli’ etip ayti’ladi’.

Xali’q o’zlerinin’ bul ti’msal yerteklerinde haywanlardi’n’ ha’r qi’yli’ wo’zlerine ta’n bolg’an minez-quli’qlari’n uyreniwdegi ta’jriybelerine ha’r qi’yli’ adamlardi’n’ obrazlari’n beriwde sheber paydalana bilgen. Jolbari’s, ari’slan obrazlari’ arqali’ eziwshi klassti’n’ en’ iri wakillerinin’ biri-patshani’, qasqi’r arqali’-ashko’z , zorli’qshi’l, al tulki arqali’ sum hiyleker, wo’tirikshi adamlardi’n’ obrazlari’n jaratti’. «Tulki, tasbaqa, taskene» degen yertekte tulki xiyleker, sum, ma’kkar adam tipinde su’wretlenedi. Wo’l yesabi’n tapsa miynet islemeytug’i’n, kisinin’ miynetinen ji’ri’p jewdi woylaytug’i’n, jalaxor, qas qaqpastan o’tirik aytatug’i’n adam ekenligin ko’riwge boladi’. Bugingi kunde de turmi’si’mi’zda usi’nday adamlardi’n’ ushi’rasi’p turatug’i’ni’n eslesek, onda bunday yyerteklerdin’ adamlardi’n’ jaqsi’-jaman qa’siyetlerin tani’wg’a jetekleytug’i’nli’g’i’n ko’re alami’z.

Yerteklerdegi unamli’ qaharmanlar ko’binese o’zinin’ qarsi’las dushpanlari’nan da’stanlardag’i’ unamli’ qaharmanlarday bati’rli’q erligi, qaharmanli’g’i’ menen ku’sh ko’rsyetiw joli’ menen o’sh almaydi’, al tapqi’rli’g’i’, ziyrek, aqi’lli’ hiylekerligi menen jen’iske erisip oti’radi’. Unamli’ qaharmanlar fizikali’q ku’sh jag’i’nan qanshama a’zzi boli’p kelse, olardi’n’

[11] Maqsetov Q., Tajimuratov A. Qaraqalpaq fol`klori’.No’kis, 1979 j.

boyi'na sonshama tapqi'rli'qti'n', xiylekerliktin' en' jaqsi' ulgilerin ju'kleydi. Bug'an «Ari'slan menen qoyan» erteginde ja'bir ko'rgen qoyannin' ari'slandi' aldap qudi'qqa tu'siriwi da'lil bola aladi'.

Haywanlar haqqi'ndag'i' yerteklerde wo'tkendegi xali'qti'n' sotsialli'q ten'sizlik, klassli'q qarama-qarsi'li'qlari' su'wretleriwi menen birge usi'lar menen bir qatarda geypara adamlardi'n' minezindegi jat elementler ku'lkige ali'ni'p, bir so'zli boli'wg'a, o'tirik aytpawg'a, bir-birewdi si'ylawg'a u'gitlep oti'radi'. Bul jag'daylardi' «U'yrek penen baqa», «Jolbari's ha'm qoyan», «G'arg'a menen qarshi'g'a» degen yerteklerde ko're alami'z.

Yerteklerdin' bul turinin' basqa tu'rlerinen pari'q qi'latug'i'n jag'i', bunda tek g'ana sotsialli'q qatnasi'qlardag'i' qarama-qarsi'li'qlar, talas-tarti'slar haywanlar obrazlari' arqali' allegoriyali'q, ti'msal joli' menen ashi'p beriledi. Zuli'mli'qlar a'shkar etiledi, soni'n' menen birge xali'qti'n' a'dep-ikramli'li'g'i'na say kelmeytug'i'n ersi qi'li'qlar ku'lkige ali'ni'p, ha'r qanday ori'nsi'z islerdi islewden awlaq boli'wg'a, tati'w, bir so'zli, hadal niyetli, bir-birewdi hu'rmetley biliwge shaqi'radi'.

Turmi's yerteklerinde xali'qti'n' o'tken da'wirindegi ja'miyetlik turmi's keshiriw jag'daylari' menen dun'ya tani'wdag'i' ko'z –qaraslari'ni'n' ha'r qi'yli' ta'repleri uli'wmalasti'ri'lg'an. Bul yerteklerden qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'p o'tken tariyxi'y da'wirlerdegi turmi's keshiriwlerinin' shiylenisken awhallari'ni'n' toli'q ko'rgizbelerinin' ko'z aldi'mi'zg'a keltiriwmizge boladi'.

Turmi's yerteklerindegi so'z etiletug'i'n waqi'ya qi'yali'y yerteklerindegidey shekten ti's fantaziyalasti'ri'li'p berilmey, al xali'qti'n' tariyxi'y rawag'lani'wi'nda bolatug'i'n real qubi'li'slar do'gereginde boladi'. Bul yerteklerdin' mazmuni'ni'n' basi'm bo'legin xali'qti'n' wo'mir boyi' a'rman etken a'dillik, ten'lik, ken'lik zamang'a erisiwdegi arzi'w-armanlari' qurap turadi'. Bunda uli'wma xali'q turmi'si' menen ja'miyetlik rawajlani'w jag'daylari' a'n'gimelenip g'ana qoymastan, sol da'wirdegi a'dilsiz eziwshi toparlarg'a bolg'an uli'wma miynetkesh xali'qti'n' ashi'w i'zasi' menen joq ko'riwshiligi bekkem o'ri'n alg'an.

Bundag’i’ qarsi’ dushpanlar yamasa unamsi’z tipler qi’yali’y yerteklerdegidey a’jayi’p bir obrazlar emes, turmi’sta ushi’rasi’p turatug’i’n haqi’yqi’y bar ko’rinisler. Ani’g’i’raq aytqanda a’dilsiz, qi’li’shi’nan qan tami’p turg’an patsha, wo’pasi’z wazir, si’qmar bay, dun’yaxor sawdeger, xali’qti’n’ basi’n aylandi’ratug’i’n ruwxani’y iyshan –mollalar boli’p keledi de, bularg’a qarapayi’m xali’q wakilleri-ka’mbag’al jarli’ diyxan, jetim bala, tazsha shopan, aqi’lli’ qi’z qarsi’ qoyi’ladi’. Usi’nday yerteklerdegi ka’mbag’aldi’n’ basi’ndag’i’ qayg’i’ -ha’siretleri kop shiyelenisiwi menen ko’rsetilip, unamli’ qaharmanlardi’n’ aldi’na qoyg’an maqsetlerge erisiwi menen sheshilip oti’radi’. Xali’q haqi’yqatli’qti’n’ jen’etug’i’nli’g’i’na isenim bildiredi.

Turmi’s yerteklerinde xali’qti’n’ tirishilik yyetiw turmi’si’nda gezlesip woti’rati’g’i’n, tuwi’sqanlar arasi’ndag’i’ talas–tarti’s, wo’gey ananin’ qati’bez minezleri qusag’an turmi’sli’q detallari’ da wo’z o’rni’ menen so’z etilip o’ti’radi’. Soni’n’ menen birge bul yerteklerde hayal -qi’zlar obrazlari’ belgili wori’ndi’ iyelep, «shashi’ uzi’n, aqi’li’ kelte», «qati’n qari’wlani’p qazan qaynatpaydi’» degen ko’z-qarastan pu’tkilley shette. Xali’q hayal-qi’zlardi’ adamni’n’ sanali’ ta’rbiyashi’si’, qi’si’lg’anda aqi’l beretug’i’n aqi’lshi’si’, en’ jaqi’n g’amxorshi’si’ dep biledi.

Turmi’s yerteklerinde ha’zil, ashshi’ kulki, si’qaq yetiw qusag’an xali’q satiralar a’hmiyetli ori’n iyeleydi. Bul satirali’q yerteklerde xali’qti’ aldap, na’psiqawli’q etetug’i’n si’qmar bay, aqmaq patsha, iyshan mollalar. Ta’wipler, sonday –aq, jumi’s islese de kelistire almaytug’i’n jalqaw, erinshek, na’shebent - qullasi’ adam minezindegi bazi’ bir turpayli’qlar ku’lkige ali’ni’p, xali’q yumorlari’ arqali’ a’shkara etiledi. Xali’q yerteklerinde bunday adamlar turmi’stan artta qalg’an, zi’yat adamlar si’pati’nda a’shkaralanadi’.

Yerteklerde baylar ha’m jarli’lar arasi’ndag’i’ qarama -qarsi’li’qlar menen talas-tarti’slar ha’m wolardi’n’ wo’zlerine ta’n bolg’an psixologiyalari’ ko’rinip turadi’. Ekspluatator klass adamlari’ ushi’n ha’lsiz qa’mbag’al diyxanlardi’n’ u’stinen u’stemlik yetiw, esigine diyxan tuti’w, kisinin’ arqasi’nan bayli’q toplaw

si'yaqli' elementler xarakterli bolsa, eziliwshi klass adamlari' patshani'n' ha'mirin ori'nlaw, baydi'n' mali'n bag'i'p, esiginde diyxan juriw, ku'nlikshilik penen ba'nt.

Qaraqalpaq xalqi' o'zinin' o'tken dawirlerinde neshshe turli qi'yi'nshi'li'qlardi' basi'nan keshirdi. Jawgershilik, ashli'q xali'qti'n' da'rmani'n qurti'p, su'yegin si'rqi'ratti'. Beri kele Xiywa xanli'g'i'ni'n' qol asti'nda boli'wi', wolardi'n' ha'r ta'repleme awi'rmanli'q jag'dayi'na ushi'rawi'na ja'ne qosi'msha sebepker boldi'. Xiywa xanli'g'i' turmi'stan ezilgen qaraqalpaq xalqi'ni'n' boyi'n tiklewine mu'mkinshilik bermedi, kerisinshe awi'r sali'q sali'p, xali'qti'n' bari' – jog'i'n berse – qoli'nan, bermese – joli'nan zo'rli'q etip ali'w joli'na tusti. Xiywa xani'nin' ha'meldarlari' bolg'an – bay, biy, meter, atali'q, qusbegi, ju'z basi' qusag'an jalpi'ldaqlari' xan aytti' dep, xali'qti' qan qaqsati'p keldi. Mine, usi' qusag'an qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'ndag'i' qayg'i'li' jag'daylari' xali'q yerteklerinin' mazmuni'nda sa'wlelenip oti'radi'. Usi'nday xali'q basi'ndag'i' shiylenisken turmi's qi'yi'nshi'li'qlari' «Sheshen bala» degen yertektin' mazmuni'nda ju'z beredi.

O'tkendegi xat –sawati' bolmag'an xali'q jas a'wladti' ata na'siyati' menen ta'rbiya berip, wolarg'a jaman a'detlerden a'wlaq boli'wg'a, duri'sli'qqa, shi'damli'qqa, wo'tirik so'ylemewge, kisige qi'yanet etpewge shaqi'radi'. Paydali' aqi'l ko'rgeninen ko'rmegen ko'p jaslardi'n' maqsetke jetisip, baxi'tli' turmi's quri'wg'a jol siltep woti'rati'g'i'n wo'mir sabag'i' etip ko'rsetiledi. Turmi's yerteklerinde jaslarg'a ta'lim–ta'rbiya beriw, o'lardi' miynet su'yiwge, dosli'q birlikke shaqi'ri'w qusag'an xali'qti'n' aldi'n'g'i' ko'z-qaraslari' «Ata wasiyati'», «Diyxanni'n' aqi'li'» degen yerteklerdin' mazmuni'n quraydi'.

«Diyxanni'n' aqi'li'» ertegi awi'z birshilik, dosli'qqa, tati'w si'ylasi'qli' boli'wg'a u'yretedi. Bir-birewdi hu'rmetlew, adamg'a dos boli'w, miytindey birlikti saqlaw adam a'dep-ikramli'li'g'i'ndag'i' en' sapali' qa'siyetlerdin' biri. Turmi's yerteklerindegi hayal-qi'zlar obrazi' wo'zlerinin' aqi'l –parasatli'g'i'g'i', tapqi'rli'g'i', muxabbatqa sadi'qli'g'i' ha'm en' jaqsi' adam ta'rbiyashi'si' boli'wi' menen ko'zge tu'sedi. Wolar yertekte ana su'tin aqlag'an, el perzenti si'pati'nda su'wretlenedi  Bular ha'diyselerge qi'yali'y yerteklerdegidey a'jayi'p

ku’shleri menen qatnasi’p oti’rmaydi’, al ha’qi’yqi’y turmi’sli’q a’piwayi’ adam wo’miri menen su’wretlenedi.

Yerteklerdin’ bul tu’rinde hayal–qi’zlar obrazi’ o’shaq basi’, qazan-tabaq iyesi emes, al el basqari’p, a’dil basshi’li’q etetug’i’n ja’miyetlik isker xarakterinde de ushi’rasi’p woti’radi’. Wolardi’n’ geyparalari’ qollari’na qari’w ali’p, qarsi’ dushpani’nan hadal muxabbati’ menen azatli’g’i’n  qorg’awg’a qatnasadi’. A’sirese yerteklerdin’ bul tarawi’nda aqi’lli’li’q, tapqi’rli’q, ta’rbiyali’q si’patlar hayal-qi’zlar obrazlari’ni’n’ basi’m bo’legin tutadi’.

«Aqi’lli’ hayal, aqmaq patsha» erteginde patshani’n’n’ hayali’ patriarhalli’q – feodalli’q tuti’mni’n’ qara kisenine ba’nt bolg’an ko’p qati’nni’n’ biri. Patshani’n’ bul hayali’ jay bali’qshi’ni’n’ qi’zi’. O’l  a’dep –ikramli’, aqi’l –parasatli’, aqi’lli’. Soni’n’ ushi’n da patsha oni’ ko’p qi’zlardi’n’ ishinen tan’lap aladi’. Biraq buni’n’ usi’nday jaqsi’ qa’siyetleri bahalanbaydi’. O’l patshani’n’ pikirinshe  woshaq basi’ hayal si’pati’nda qali’p qoyadi’.

Bali’qshi’ni’n’ qi’zi’ patshani’n’ zuli’mli’g’i’na shi’damay Sahi’da degen woti’nshi’ jarli’ jigitke bas qosadi’, hadal miynetinin’ arqasi’nda qurg’i’n du’zep, bala–shag’ali’ boladi’. Yertekte birinshi ta’repten patshani’ ha’dden ti’s zuli’mli’g’i’ qaralansa, ekinshi ta’repten bali’qshi’ni’n’ qi’zi’ni’n’ analaq baxti’ni’n’ ayaq asti’nda qaldi’ri’lmawi’, erkinlikti ku’segen ha’m en’ sanali’ ta’rbiyashi’–hayal degen obrazdi’ jasawi’ boli’p tabi’ladi’.

Woti’nshi’ Sahi’di’nin’ usi’nday baxi’tqa bo’liniwinde o’zinin’ xadal miynet yetiwi bolsa, oni’n’ hayali’ni’n’ istin’ ko’zin bilip, ta’rtiplestiriwi - baxi’tqa jetisiwinin’ sebepshisi boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq turmi’s yerteklerinde hayal-qi’zlar bati’rli’q ha’reketleri’ menen de ko’zge tu’sedi. Eger da’stanlardi’ ha’m qi’yali’y yerteklerde hayal-qi’zlardi’n’ bati’rli’q, ma’rtlik isleri si’rtqi’ basi’p ali’wshi’lar menen qatal ta’biyat ku’shlerine qarsi’ qarati’lg’an bolsa, turmi’s yerteklerindegi hayal-qi’zlardi’n’ qaharmanli’qlari’ o’zi su’ygen yari’na bolg’an taza muxabbati’n, semya birligin qorg’ap qali’wg’a tiykarlang’an.

Yerteklerde soni’n’ menen bir qatarda bazi’ bir eki ju’zli ruwxaniyler, dindi shi’n kewili menen iyman-isenimi bolg’anli’qtan tuti’nbastan, al ma’pleri ushi’n tuti’natug’i’n mollalar, iyshanlar a’shkaralanadi’. «Nan ulli’ ma, Quran ulli’ma?» degen yertekte adamlar Quran ulli’ degen iyshandi’ nan bermey jayg’a qamap qoyadi’. Iyshan jewge nan tappay o’ler xalatqa keledi. Erten’ine adamlar qol jeter-jetpes jerdegi jaydi’n’ tekshesine jarti’ nan ilip qoyi’p ketedi. Ashtan woleyin dep ati’rg’an iyshan nandi’ ko’rgen waqitta Qurandi’ ayag’i’ni’n’ asti’na qoyi’p, pa’tiktegi nandi’ alayi’n dep ati’rg’ani’nda, basi’ndag’i’ sallesinin’ shaqli’qqa tu’sip ketkenine qaramastan nandi’ali’p jeydi.

Ji’ynalg’an xali’q:

Sadag’an’ keteyin ha’ziret,

Iyshani’m edin’ toqli’qta,

Bir ku’n ashli’qqa shi’damay,

Sa’llen’ qaldi’ boqli’qta,

-dep iyshanni’n’ sa’llesin i’laqti’ri’p masqaralaydi’.

«To’rt yerinshek» degen yertektegi qos jaqpas jati’p isher erinshek obrazlari’ berilgen. Bular man’lay terletip, miynet qi’li’wdi’ jek ko’redi, qi’di’ri’wdi’ jaqsi’ ko’redi. Biraq olardi’n’ su’wegine sin’gen jaman erinsheklik a’detleri, ha’r waqi’tta qaytalana beredi. Bunday tiplerdi xali’q ja’miyetten zi’yat adamlar dep qaraydi’. Olar ja’ma’a’tten bo’lingen, turmi’stan shette turatug’i’n obrazlar retinde su’wyretlengen.

«Aqi’lsi’z bala» degen yertekte ya bir na’rseni kelistirmeytug’i’n, ya jumi’s islep ku’n ko’riwdi’ kelistire almaytug’i’n, xesh na’rsenin’ qa’dirin bilmeytug’i’n adamni’n’ obrazi’ jasali’p, xali’q oni’n’ u’stinen ashshi’ ku’lkilerdi jumsaydi’.

Qarap oti’rsaq, qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginin’ jarqi’n ulgilerinen bolg’an naqi’l-maqallarda da, yerteklerde de bu’gingi ku’nde ma’mleketimiz si’yasati’ni’n’ basli’ maqsetlerinen bolg’an ba’rkamal a’wladti’ qa’liplestiriw menen baylani’sli’ ideyalar bayan etilgen.

Biz ba’rkamal a’wlad degende fizikali’q jaqtan salamat, aqi’li’y qa’biletleri pu’tin, joqari’, zaman talaplari’na say bilimlerge iye, wo’mirde wo’z worni’n taba

biletug'i'n, belgili bir ka'sip-ka'rge iye, wo'z miyneti menen materialli'q ha'm ruwxiy bayli'qlar jarati'p, woni' wo'zinin' ha'm ja'miyettin' iygiligine jarata alatug'i'n insanlardi' tusinemiz. Jumi'si'mi'zda analizlegen naqi'l maqallarda ha'm yerteklerde, sonday-aq da'stanlarda da aqi'l-bilim, dosli'q, wa'dege wapadarli'q, adamgershilik, miynet su'ygishlik, hadalli'q, insap-diyanat kibi insani'y pa'ziyletler joqari' bahalang'an ha'm olarg'a shaqi'ri'li'p kelgen. Usi' ko'z-qarastan qaraqalpaq xalqi'ni'n' awizeki' do'retiwshiligindegi a'dep-ikramli'li'q qa'diriyatlar bugingi ku'nde ba'rkamal a'wlad ta'rbiyasi' ideyasi' menen u'nles keledi.

## 2.2. Watang'a muxabbat, xali'qqa xi'zmet yyetiw ideyalari'.

Bul aziz Watan barshemizdiki, degen hu'rmetli Prezidentimizdin urani' O'zbekistan aymagi'nda jasawshi' ha'mme puxaralarg'a ma'det ha'm quwat, jedel ha'm g'ayrat bagi'shladi'. Milliy wo'zgesheliklerden de joqari' turatug'i'n, wonnan da u'stem bul tuygi', biz ulli' O'zbekistanni'n' puxaralari'mi'z, degen quwani'sh ha'm maqtani'sh sezimlerin qaliplestiretugi'n ahmiyetli biriktiriwshi shaki'rtli'k. Milliy ha'm rassali'k ayi'rmashi'li'kti'n orni'na, sol ayi'rmashi'li'qlardi' biriktiretugi'n, birlestiretugi'n, birdemlilik beretugi'n sezim-bul Watan tuygi'si', Watan tu'sinigi.

Sebebi Watan tusinigi Ana menen, tuwi'lgan jer menen, kamalatqa keltirgen wortali'q penen, ata-babani'n ari'wagi' menen tikkeley baylani'sli'. Watan tu'sinigi adamni'n' adamgershilik minez, ko'regenlik sezimi menen, parasati' menen, pu'tkilley baylani'sli'. Watanga qatnas-adamni'n adamshi'li'gi'ni'n', ko'rgenliginin', parasati'ni'n' ko'rinisi Watansi'z adam bolmaydi'. Ta'g'dirdin' jazi'wi' menen, yag'ni'y adamni'n' wozine baylani'ssi'z sebepler menen yamasa wopasi'zli'q penen Watani'nan qol u'zgen adam boladi'. Ekewide baxi'tsi'z, biraq aldi'ngi'si'-ayani'shli', al songi'si'- jerkenishli bende.

Watan adamni'n ana topi'ragi', tuwi'li'p wo'sken, kindik qani' tamg'an «atam kiyew, anam kelin bolgan jeri», sol jerdin' duzi'n tati'p, suwi'n iship, xawasi'nan na'pes ali'p, ka'mal tapqan ma'kani'. Soni'n ushi'n adamdi' ta'rbiyalap, u'lkeytip o'sirgen ol zamin, ana kibi muqaddes. Watanni'n' sonday qu'diretli ku'shin, oni'n muqaddesligin ulli' qaraqalpaq shayi'r Ibragim Yusupov bi'lay ji'rlaydi':

«Tuwi'lasan' dese mag'an ju'z ret,
Tek te usi' jerde tuwi'lar edim,
Jalan' ayaq may topi'raqti' shan'g'i'ti'p,
Barli'q soqpagi'nan juwi'rar edim
Bu'rki'p aqqan i'lay suwi'n Amiwdin',
Ju'zlerime su'rtip juwi'nar edim,
Bunda teren' tami'r urgan terekpen,

Watan magan men Watanga kerekpen» («To'k tawi'ndagi' oylar»)[12].

Adamni'n tuwg'an jerge sheksiz su'yispenshiligi ha'm teren' ji'lli' sezimi joqari' bahalang'an ha'm adamni'n' jarati'li'si'ni'n', ka'malati'ni'n', dawletinin' tiykari' jer Watan ekenligi duri's ko'rsetilgen. Watan adamg'a oni'n' dun'yada jasap ati'rganli'gi'na quwani'sh o'zinin' ku'shine isenip, o'zinin' elinin' tabi'slari'na maktani'sh beredi. A'sirese, ol adamg'a u'lken su'yew, su'yenish beredi.

Xalqi'mi'z «Watan ushi'n jan beriw mu'mkin» degen. Watan ushi'n otqa tu'sken erlerin, qayi'ri'mli' xalqi', Watan-anasi' da umi'tpay ma'n'gi dan'qqa bo'leydi, o'zbektin', qazaqti'n', qaraqalpaqti'n' ani'zg'a aylani'p, da'stanlarg'a arkaw bolg'an, elinin' ar-nami'si'n qorg'ag'an, oni'n' abadanshi'li'gi', ruwxi'y rawajlani'wi' ushi'n jan ayamag'an ullari'ni'n atlari' ma'n'gilik qi'li'p ati'rganli'gi'n biz ha'zirgi Prezidentimizdin' koregenlik siyasati'ni'n' ta'sirinde ko'rip ati'rmi'z.

Watandi' sheksiz su'yiw, ardaqlaw menen qosa oni' jawlari'nan jan ayamay qorgaw – ha'r bir perzenttin' minneti ha'm pari'zi'. Tuwg'an anasi'n basqani'n' zorli'q-zombi'li'gi'nan qorg'amag'an balani' perzentim dew bi'lay tursi'n, adam dewge bolama?

«El ushi'n belin buwmasa,
Jigitte nami's bolmasa,
Watan ushi'n tuwi'lmasa,
Qorqaq jigit nege da'rkar» degen Abbaz Dabi'lov[13].[a']

Qaysi' bir xali'qti'n' klassikali'q a'debiyati'n ali'p qarasaqta, oni'n' ishinde xali'q qosi'qlari' ko'rnekli orni' iyeleydi. Xali'q o'z qosi'qlari'na xurmet pepen qarap, qosi'q-tabiyattag'i' en' suli'w qubi'li'slardi'n' ko'rkem obrazlari', isskustvoni'n' xasi'l marjani' dep baxalag'an. Adamni'n' o'miri qanshelli mazmunli' bolsa, xali'q qosi'qlari' da sonshelli bay mazmung'a ko'teriledi.

[12] Bazarbaev J. Danali'gi' go'zzali'qqa ulasqan shayi'r. Nokis «Bilim», 2008.97-b.
[13] Bazarbaev J.B. Bul aziz Watan barshemizdiki. «Erkin Qaraqalpaqstan», 2 aprel 1997 ji'l, №40.

O’ytkeni qosi’q, so’z tvorchestvosi’-adam o’mirinin’ obraz isskustvosi’ndag’i’ ko’rinisi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da barli’q wo’miri dawami’nda joldas boli’p kiyati’rg’an ruwhi’y bayli’qlari’ni’n’ biri-xali’q qosi’qlari’. Ol xali’qti’n’ wo’miri dawami’nda san jag’i’nan da, mazmuni’ jag’i’nan da bayi’p bardi’, xali’qti’n’ tilek ha’m talaplari’n, arzi’w-a’rmanlari’n sawlelendirip, rawajlandirip bardi’.

Watang’a muxabbat sezimleri qaraqalpaq awi’zeki’ do’retiwshiliginde tolg’awlar ha’m tariyxi’y qosi’qlarda ayqi’n ko’rinedi. Tolg’awlar ko’binese si’yasi’y-ja’miyetlik, tariyxi’y temalardi’ ji’rlaydi’. Onda xali’qti’n’ arzi’w-a’rmani’, tilekleri, sag’i’ni’sh, ayri’li’q, sher-mun’ sezimleri beriledi. «O’rmanbet biy», «Posqan el», «Talap boldi’ dunyag’a mal», «El eken», «Xani’mi’z» tolg’awlari’n mi’sal yetiwge boladi’.

Qaraqalpaq xalqi’ Edil, Jayi’q boyi’ndag’i’ jaylawi’n, go’zzal ma’kani’n, suli’w ta’biyati’n dushpanlar ja’birinen ma’jbu’riy taslap ko’ship, Turkistan dalan’li’qlari’na kelip qoni’slandi’. Biraq bul ma’kan da wolarg’a uzaq payan bolmaydi’. Endi g’ana ti’ni’sh jasay baslag’an xali’qqa 1723-ji’ldan baslap tag’i’ jon’g’arlar topi’ladi’. Mal-mu’lkin talan-taraj etip, ul-qi’zi’n bende etedi. Buni’n’ izi basi’lar-baslanbastan 1743-1772 ji’llar arali’g’i’nda kishi ju’z qazaq xanli’qlari’ ti’ni’msi’z atlani’s jasap turadi’. Bul qaraqalpaqlardi’ ju’da’ bu’lginshiliklerge ushi’ratadi’. Ekinshi, u’shinshi ta’repten Qoqan xanli’g’i’, Buxara a’mirleri de awi’r qi’si’m jasaydi’. Bul tariyxi’y jag’daylar qaraqalpaqlardi’ Turkistandi’ taslap ko’shiwge ma’jburleydi.

Bul sapari’ ekige bo’linip-biri Si’rdaryani’n’ joqari’ ag’i’si’na (o’rge) qaray jag’alap, ekinshi bo’legi Qi’zi’lqumdi’ kesip o’tip, Aral ten’izinin’ tu’slik jag’awlari’na, Xiwa xanli’g’i’ni’n’ qol asti’na ko’shedi. Bul posi’p ko’shiwdegi adam aytqi’si’z qi’yi’nshi’li’qlar xali’q penen birge arqalani’p ko’shken Jiyen Ji’rawdin’ «Posqan el» tolg’awi’nda toli’q su’wretlengen. Jiyen Ji’raw Turkistanni’n’ posi’p ko’ship shi’qqannan baslap ha’r ku’nnin’ qayg’i’li’ waqi’yalari’n, qansha adam jol azabi’nan, ashli’qtan, suwsi’zli’qtan o’lgenin ku’ta’ ani’q bayanlap beredi. Jiyen Ji’raw xali’qti’n’ ta’g’dirine usi’nshama baxi’tsi’zli’q

duwshar bolg'ani'na qabi'rg'asi' qayi'si'p, qi'ynaladi', tolg'anadi', barli'q ku'sh jigerin  sali'p, adam ta'g'dirin ji'rlaydi'.

Eger tolg'awlar el basi'na tuwg'an qi'yi'nshi'li'qlardi'n' sebeplerin tu'sindiriwge umti'li'p, tuwg'an eldin', jerdin' sag'i'ni'shi'n, mun'i'n ji'rlasa tariyxi'y qosi'qlarda xali'qti'n' tariyxi'nan, real wo'mirinen, ku'n ko'ris jag'daylari'nan mag'li'wmatlar berilip, solar arqali' elge muxabbat, xali'qti'n' awi'r turmi'si'na ashi'ni'w hallari' teren' su'wretlenedi. «Baysi'ng'a», «Qaraqalpaq», «Jeti uyge bir beldar», «Qon'i'rat legendasi'», «Asqar bati'r», «Ma'rdikar», «Kegeylinin' qazi'wi'», «Na'wpir jap», «Aq da'r`ya» ha'm tag'i' basqada xali'q qosi'qlari' bug'an mi'sal bola aladi'.

Tariyxi'y qo'si'qlardi'n' basli' unamli' qaharmani' miynetkesh xali'q boli'p tabi'ladi'. O'ni'n' sher–mun'i', basi'na tu'sken awi'rli'q, wog'an qarsi' qi'yi'nshi'li'qti' jen'iw ushi'n ju'rgizgen gu'resi, patriotli'q sezimleri tariyxi'y qosi'qlarda ken' tu'rde so'z etiledi.

Watang'a muxabbat, elge sadi'qli'q kibi joqari' insani'y pa'ziyletler wo'z ma'pinen el- jurt ma'pin u'stin qoyi'p, soni'n' ushi'n jani'ndi' da qurban yetiwdi an'latadi'. Bul jolda isannan qaytpas jiger, talmas g'ayrat, pida'karana miynet talap etiledi. Bul ideyalar a'sitese qaraqalpaq da'stanlari'nda ken' sa'wleleniwin tapqan. Mi'sal ushi'n «Alpami's» da'stani'n alayi'q. O'l qaraqalpaq, o'zbek, qazaq xali'qlari' ushi'n ortaq bolg'an da'stanlardi'n' biri. O'ni'n' qaraqalpaq varianti'nda uri'wlardi'n' birlesiwi, erkin jasawi', birlik penen dushpanlarg'a qarsi' gu'resiwi, ideyalari' sa'wlelengen. Baysari'ni'n' adamlari'na ko'ship barati'ri'p «O'li bolsaq bir shuqi'r, tiri bolsaq bir to'be», degen so'zlerinde da'stanni'n' el-jurt birligi, watan, tuwi'lg'an jer ushi'n jan ayanbay uri'niwlari' o'z ko'rinisin tabadi'.

«Alpami's» da'stani'ni'n' tiykarg'i' ideyasi'ni'n' ashi'li'wi' Alpami'sti'n' Barshi'ndi' ali'wi', won'i'n' bati'rli'q, er jureklik qa'siyetleri, Qarajan menen doslasi'wi', Tayshaxang'a qarsi' gu'res ali'p bari'wi', ishki ha'm si'rtqi' dushpanlardi'n' qi'yrati'li'wi' menen izbe-izlik penen da'lillenip oti'radi'. Alpami'sti'n' Tayshaxanga gu'resi, woni'n' bul gu'reste jen'iske erisi'wi', bir jag'i'nan zuli'm patshalarg'a qarsi' xali'qti'n' gu'resi'wi'n ha'm woni' jen'iw

keypin an’latsa, ekinshiden, Alpami’sti’n’ A’shim menen doslasi’p, oni’n’ a’piwayi’ shopandi’ xan ko’teri’wi’ da’stanni’n’ xali’qli’q ideya menen suwg’arlang’anli’g’i’n ko’rsetedi. Da’standag’i’ di’qqat awdararli’q na’rse-Qarajan menen Alpami’sti’n’ dosli’g’i’. Bul da’stanni’n’ ideyali’q bag’i’ti’ni’n’ en’ jaqsi’ ko’rsetkishlerinen esaplanadi’. Olardag’i’ dosli’q tek eki bati’rdi’n’ dosli’g’i’ boli’p g’ana qoymastan, a’dillik ta’repdari’ eki xali’qti’n’ bir-birine en’ jaqi’n, en’ dosli’q tilegin bildiredi. «Alpami’s» da’stani’ndag’i’ bul fakt qaraqalpaq poeziyasi’nda erteden qa’liplesken da’stur si’pati’nda ko’zge tusedi.

«Alpami’s» da’stani’ndag’i’ tiykarg’i’ ideyalardi’n’ birewi – tuwi’lg’an eldi su’yiw, woni’n’ ar-nami’s ushi’n guresiwi - teren’ patriotizm sezimleri boli’p tabi’ladi’. Da’standa patriotizm sezimlerinin’ ku’shliligi sonday da’rejede, xa’tteki aradan bir neshe a’sirler o’ti’wi’ne qaramastan Alpami’sti’n’ ha’m oni’n’ ta’repdarlari’ni’n’ tuwg’an eldin’ ar-nami’si’ ushi’n ali’p barg’an gu’resleri bu’gingi ku’nde de adamlardi’ tolg’andi’radi’. Solay etip, Qaraqalpaq xali’qi’ni’n’, awi’zeki do’retiwshileri u’lgileri bolg’an tolg’awlar, xali’q qosi’qlari’, da’stanlarda sa’wlelengen el-jurtqa, watang’a muxabbat, oni’n’, azatli’g’i’, erkinlik, ana watang’a xi’zmet yetiw ideyalari’ milliy g’arezsizlik ideologiyasi’ni’n’ azat ha’m abat watan, xali’q parawanli’g’i’, jurt ti’ni’shli’g’i’, watanni’n’ gu’lleni’wi’ si’yaqli’ ideyalari’ menen u’nles. Bunnan ti’sqari’ da’stanlarda ji’rlang’an xali’qlar arasi’ndag’i’ dosli’q, ortaq dushpang’a birlesip guresiw, si’rt dushpanlarg’a qarsi’ gu’reste eldin’ ishki birligin saqlaw kibi ideyalari’ da milliy ideologiyami’zda o’ri’n alg’an sotsialli’q birge islesiw, milletler ara tati’wli’q ideyalari’na negiz bo’li’p xi’zmet etedi.

Haqi’yqi’y insani’yli’q - bul a’deplilik pazi’yletlerinin’ biri boli’p, adamlarg’a kundelikli turmi’sta insani’yli’q qatnasta boli’wdi’ talap etedi. Insani’yli’q wo’zinde a’tirapi’ndag’i’ adamlarg’a degen xu’rmet, isenim ha’m sezim, miyzamkeshlik, tuwri’ so’zlilik, a’piwayli’li’q kibi insani’yli’q qa’siyetlerdi o’z boyi’na ja’mlegen pidayi’ sho’lkemlestiriwshi, jan’ali’qqa umti’li’wshi’ g’ayratli’ pazi’yletlerden esaplanadi’.

Haqi’yqi’y insani’yli’qti’n’ maqseti - bul xa’r qanday adamni’n’ da qa’dir-qi’mbatli’li’g’i’n xu’rmetlew, o’z sanasi’ ha’m o’z-o’zin basqara ali’wi’, talapshan’ boli’wg’a erisiw, o’zinin’ ha’m o’zgelerdin’ jaqsi’ islerinqollap-quwatlay ali’wi’, o’zinin’ ha’m basqalardi’n’ xuqi’q normalari’n biliwi menen belgilenedi.

Qarag’alpaq xalqi’ tariyxi’nda Maman biy xalqi’mi’zdi’ basqarg’an waqti’nda juda’ bir a’jayi’p da’sturdi xali’q arasi’na engizgen. Bul Nawri’z bayrami’nda adamlardi’n’ bir-birewine mu’riwbetli boli’wi’, bayram ku’nlerinde o’kpe-geyneni umi’ti’wdi’, adamlar arasi’nda jaqsi’ qaram- qatnasta boli’wi’, a’sh-aptada adamlarg’a mu’riwbet ko’rsyetiwge shaqi’ri’wi’ esaplanadi’. Xali’q arasi’nda Xatamtay degen so’zdi geyde esitip ju’remiz. Xatamtayli’q bul-insani’yli’qti’n’ en’ joqarg’i’ shoqqi’si’. Tu’rkiy tilles xali’qlari’ a’debiyati’ni’n’ belgili wa’kili Axmed Yugnakiydi’n’ shi’g’armasi’nda da keltirilgen. «So’z benen bilinip Xatamtayli’g’i’»- dep ayti’p o’tken. Xatam at-Tay haqi’yqat tariyxta alti’nshi’ a’sirdin’ son’g’i’ yari’mi’nda jasap o’tken saqi’yli’g’i’ menen elge belgili bolg’an shaxs. Ken’ peyillik qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy qa’driyatlari’ni’n’ biri boli’p, ol insandi’ ruwxi’y ka’millikke qaray jeteleydi. Ken’ peyillikti ju’zege shi’g’ari’wshi’ negizlerdin’ biri insan su’yiwshilikti o’zlestirgen adam g’ana ken’ peyillik aladi’.

Xoja Axmed Yassawiy so’zi menen aytqanda, insaniyat dun’yasi’ insan suyiwshilik penen abat. O’l bul pa’ziyletti ha’mme na’rseden qu’diretli ha’m payi’zli’ dep biledi Yassawiy xikmetlerinde jamanli’q, nadanli’q, ashi’wshaqli’q, dunyaparazli’q illetlerge qarsi’ guresiw, unamsi’z ta’rbiyali’q ideyalar da wo’z ko’rinisin tapti’. O’l mal–dunya, a’mel ushi’n ari’n satqan qazi’-imamlar, xa’kimler, a’meldarlarg’a jek ko’riwshilik penen qaraydi’. Barli’q waqi’tta xali’qqa xaq ko’zi menen qarawg’a, g’a’rip-qa’serlerge azar bermewge shaqi’radi’. Insan su’yiwshilik a’dalat, ayawshi’li’q, miyirmanli’q, saqi’yli’q, adami’yli’qti’ ko’rsyetiw boli’p esaplanadi’.

Wo`z ta`biyati’na ko`re an`law, pikirlew qa`biliyetine iye bolg`an insan, insaniy manawiyatqa, yag`ni’y jaqsi’li’qqa, go`zzalli’qqa, ulli’li’qqa umti’li’p

jasawg`a a`detlenedi. Biraq, insaniy qa`bliyet ha`m imkaniyat tiykari'nda ju`zege keliwi mu`mkin bolg`an ma`nawiyat insanda wo`z-o`zinen qa`liplesip qalmaydi'. Buni'n` ushi'n insang`a wo`zinin` insan ekenligin, shan`arag`i', xalqi', milleti, el-jurti' aldi'ndag`i' wazi'ypasi'n, minnetin teren` ha`m ha`r jaqlama an`lap jyetiwine xi'zmet qi'li'wshi', milliy ha`m uli'wmainsaniy qa`diriyatlardi' wo`zinde birlestiretug`i'n ideologiyani', woni'n` ruwxi'na, aqi'li'na, jani'na sin`dirip bari'wi' lazi'm. Bul maqset ha`m wazi'ypa milliy g`a`rezsizlik ideologiyasi'ni'n` tiykari'n quraydi'. İnsandi' ka`millik da`rejesine ko`teriw menen baylani'sli' bolg`an ruwxi'y azi'q, da`slep milliy g`a`rezsizlik ideologiyasi'nda wo`z sa`wleleniwin tabatug`i'n insan filosofiyasi' arqali' berip bari'ladi'. Bunday ideologiya insandi' ta`biyatti'n` bir bo`legi si'pati'nda woni'n` menen wo`z-ara baylani'sli' ekenligin ha`m wonnan parqi'n, wo`z qa`blietine qaray insan nelerdi isley alatug`i'nli'g`i'n, woni'n` ja`miyette tutqan worni' ha`m roli qanday boli'wi' kerekligin, tiri janzat si'pati'nda insanni'n` mazmuni' ha`m turmi'si'ni'n` mazmuni' qanday boli'wi' kerekligin insanni'n` wo`zine an`lati'p qoyadi'.

İnsanni'n` jetikligi woni'n` a`lemdi go`zzallasti'ri'wda, pu`tkil barli'qqa ha`m bir-birine bolg`an mu`na`sibetinde ko`rinedi. Solay eken, insanlar ta`biyatqa, wondag`i' barli'q na`rselerge, da`slep ana za`minge, wondag`i' taw-taslar, ko`l-da`r`yalar, sho`l sahralar, terekzarlar, quslar, haywanatlar dn`yasi', qullasi' ba`rine aqi'lli'li'q penen insaniyli'q mu`na`sibette boli'wi' talap yetiledi. Bir minutta ta`biyatsi'z jasay almaytug`i'nli'g`i'n tu`sinip jetken insanlar g`ana woni' asi'rap abaylap, wog`an sanali' mu`na`sibette bola aladi'. Bul birinshiden. Ekinshiden, insan ta`biyat go`zzalli'g`i'n sezine ali'w talg`ami'na ha`m wonnan zawi'qlana ali'w qa`blietine iye boli'wi' kerek. Mine sonda g`ana insan turmi'si'ni'n` ta`biyiy tiykari' pu`tkil barli'q ta, insanni'n` wo`zi de go`zzallasi'p bara beredi.

İnsanni'n` ka`milligi tek g`ana ta`biyatqa emes, ba`lki bir-birine bolg`an mu`na`sibetlerinde de ko`rinedi. Bu`gin ja`miyetimizdin` ag`zalari'ni'n` ma`mile ma`deniyati'na na`zer taslasaq, wonda ayi'ri'm wori'nlarda ja`miyet, qa`dir-qi'mbat, mehir-mu`riwbettin` wo`z-ara hu`rmet, insap, diyanat si'yaqli' uli'wma insaniy qa`diriyatlar kem ko`rinip ati'rg`anli'g`i'ni'n` guwasi' bolami'z.

Respublikami’z Prezidenti İ. Karimov aytqani’nday, «Rawajlani’wdi’n` ta`g`diyrin ma`nawiy jaqtan jetik insanlar sheshedi. Texnikali’q bilim, quramali’ texnologiyani’ iyelew qa`biliyeti, ma`nawiy ba`rkamalli’q penen, biyg`a`rez woy-pikir menen birge ali’p bari’li’wi’ kerek. Aqi’li’y zeyin ha`m ma`nawiy da`reje – bilimli insanni’n` yeki qanati’ boli’p tabi’ladi’»[14].

İyman isenimi ha`m a`deplilik pazi’yletleri ku`shli, milliy juwapkershilik sezimi qa`lbinde teren` tami’r atqan, ma`nawiy jetik puqaralarg`a iye ma`mleket g`ana g`a`rezsiz ha`m turaqli’ rawajlana aladi’. Ulli’ keleshekti tek ma`nawiy jetik insanlarg`a su`yenip g`ana jarati’w mu`mkin. Sonli’qtan da ka`mil insan, salamat a`wladti’ ta`rbiyalaw a`hmiyetli ma`sele. «Biz salamat a`wladti’ ta`rbiyalap, jetistiriwimiz kerek. Salamat adam degende tek fizikali’q salamatli’qgi’ yemes, al shi’g`i’sqa ta`n a`dep-ikramli’li’q ha`m uli’wma adamzatli’q ideyalar ruwxi’nda kamal tapqan insandi’ tu`sinemiz»[15], —degen yedi Prezidentimiz İ.A.Karimov. İnsanni’n` ruwxi’y jetikligi woni’n` du`n`yag`a ko`z-qarasi’, isenimi, psixologiyasi’, minez-kuli’q normalari’, a`dep-ikramli’li’g`i’ menen tikkeley baylani’sli’. Ka`mil insan adamlar xali’k ta`g`diri ha`m abadanli’g`i’, watan ta`g`diri ha`m woni’n` gu`lleniwin woylaydi’. Wolar kulli’qta, g`a`rezlilikte jasawdi’ qa`lemeydi.

Ka`mil insan wo`zlikti anlawg`a umti’ladi’. Milliy maqtani’sh sezimi milliy wo`zlikti an`lawdi’n` bir ko`rinisi boli’p tabi’ladi’. Wo`z xalki’ni’n` tariyxi’n biliw, millettin` keleshegi ushi’n xi’zmet yetiw ka`mil insanni’n` ag`la pazi’yletlerinen ekenligi ma`lim. Xali’qti’n` u`rp-a`det, da`stu`rlerinin da`wir si’naqlari’nan wo`tkenlerin, bu`gingi jas a`wlad ko`z qarashi’g`i’nday ka`sterlewi kerek boladi’. Ka`mil insan adamzat ta`repinen do`retilgen barli’q ma`nawiy bayli’qlardi’ wo`zlestiriwi za`ru`r. Azat ha`m abat Watanni’n` keleshegi, abadan turmi’s quri’w ka`mil insanni’n` wwo`mirinin` mazmuni’na aylani’wi’ kerek. Ka`mil insanda ana tiline muhabbat sezimin qa`liplestiriw ayri’qsha a`hmiyetke iye. Qaraqalpaq xalqi’nda a`sirler dawami’nda sheshenlik wo`neri qa`liplesken. Jiyrenshe sheshennin` miyrasi’ ka`mil insan ta`rbiyasi’nda wo`z worni’na iye.

---

[14] И.А. Каримов. Ўзбекистоннинг сиёсий-ижтимоий ва иқтисодий истиқболининг асосий тамойиллари. Т., «Ўзбекстон», 1995й.26б

[15] Каримов И.А. Ўзбекистоннинг сиёсий-ижтимоий ва иктисодий истикболининг асосий тамойиллари. Т., Ўзбекистон, 1995, 57-бет

Ka`mil insan ataq-abi’roy, materialli’q bayli’klar izinen quwmaydi’, materialli’q ha`m moralli’q qi’yi’nshi’li’kdarg`a dus kelgende qa`ddi bu`gilmeydi, kerisinshe woni’n` psixologiyasi’ bekkemlenedi, shi’ni’g`adi’. Joqari’ da`rejedegi ma`nawiyatqa iye insan – pidayi’, erlik, ma`rtlik, wo`z xalqi’na muhabbat, Watani’n qa`dirlew, ata-babalari’ menen maqtani’sh si’yakli’ pazi’yletleri menen aji’rali’p turadi’. İnsanni’n` insanli’g`i’, birinshi gezekte woni’n` ruwxi’y-moralli’q jaqtan jetiliskenligi, pa`kligi menen belgilenedi. Ma`nawiy-moralli’q jetikliktin` tiykarg`i’ ta`replerine joqari’da bayan yetilgenlerden kelip shi’g`i’p, to`mendegilerdi kirgiziw mu`mkin: ata-anasi’, perzentleri, tuwi’sqanlari’, qullasi’, barli’q shan`araq ag`zalari’, qon`si’-qobalari’, ma`ha`llesi, awi’llaslari’ ha`m pu`tkil ma`mlekettin` abadanli’g`i’ haqqi’nda qayg`i’ri’w; a`tirapi’ndag`i’ insanlar wog`an kerek bolg`ani’ si’yaqli’ wolarg`a da kerek boli’p jasawg`a umti’li’w; a`dep-ikramli’li’g`i’, ha`reketlerin jag`i’mli’ ki’li’wdi’ insani’y pari’z dep yesaplaw; ata-babalari’nan yestelik boli’p qalg`an ma`deniy miyrasti’ qa`dirlew; milliy qa`diriyatlardi’ ardaqlaw ha`m wolarg`a sadi’q boli’p qali’w; watandi’, xali’qti’ su`yiw, adamgershilik sezimlerinin` turaqli’ boli’wi’; wo`z-ara qari’m-qatnasta wo`rnek boli’wg`a meyillik, birewdin` awi’ri’n jen`il qi’li’wg`a a`detleniw; uli’wmaxali’qli’q maqullang`an ha`m hu`kimet ta`repinen qabi’l etilgen Konstitutsiyani’ hu`rmet yyetiw ha`m wog`an sadi’qli’qti’ a`melde ko`rsyetiw; Watandi’ qorg`aw, yag`ni’y a`skeriy - watansu`yiwshilik sezimi menen jasaw; diyanat ha`m a`dillik, miyrim-sha`pa`a`t xa`m jaqsi’li’qti’ qorg`aw; wa`dege wopali’ boli’w ha`m t.b.

Ma`nawiy-moralli’q jetikliktin` wo`lshemlerine yerkin oylaw ha`m milliy maqtani’sh ta kiredi.

Yerkin woylaw ken’ ma`nisli tu`sinik boli’p wol to`mendegilerdi wo`z ishine aladi’:

- watanni’n` g`a`rezsizligi ha`m keleshegi haqqi’nda woylaw;
- xalqi’, yelinin` qa`dir-qi’mbati’, ar-nami’si’n an`law ha`m woni’ qorg`aw;

- pu`tkil miyneti, qa`biliyeti, imkaniyati'n, za`ru`r bolsa jani'n da yeldin` keleshegi, xali'q baxti' ushi'n bag`i'sh yyetiw ha`m t.b.[16]

Milliy maqtani'sh wo`z xalqi'ni'n` a`sirler dawami'nda jarati'li'p kelgen materialli'q ha`m ruwxi'y bayli'qlari', tariyxi'y miyrasi', u`rp-a`detleri, da`stu`rleri, a`dep-ikramli'li'g`i', turmi's ta`riziine sheksiz hu`rmet ha`m ka`dirlew menen mu`na`sibette boli'w, abaylap asi'raw.

Wo`z xalqi'ni'n tariyxi'n, milliy qa`diriyatlari'n, tilin, keleshek ma`plerin bilmegen, qa`dirlemegen, qaysi' milletke tiyisliligin umi'tqan, wo`z milletinin keleshegi ushi'n qayg`i'rmaytug`i'n adamlarda milliy ar-nami's ta, milliy maqtani'sh ta, milletsu`yiwshilik te bolmaydi'. Bunday adamlardi' ka`mil insan, dep ayta almaymi'z.

Ka`mil insan ideyasi' tek g`ana jeke shaxslardi' yemes, al pu`tkil xali'qlardi' joqari' progresske qaray jeteklegen, wolardi' ma`nawiyat ha`m ma`riypat tarawi'nda ten`i-tayi' joq tabi'slarg`a ilhamlandi'rg`an. Ka`millikti arzi'w etpegen, ba`rkamal a`wladti' ta`rbiyalaw haqqi'nda woylamag`an xali'qti'n`, millettin` keleshegi joq. Bunday xali'q ha`m millet kriziske ushi'raydi'.

Ta`liya-ta`rbiyag`a uli'wmainsani'y ha`m milliy qa`diriyatlardi' qamti'w tiykarg`i' wori'n tutatug`i'n boldi'. Tariyxi'mi'z, ma`deniyati'mi'z, milliy u`rp-a`detlerimizge itibar ku`sheydi. Jaslarda milliy maqtani'sh sezimin qa`liplestiriw ha`m bekkemlewge ayri'qsha a`hmiyet beriletug`i'n boldi'. Bilimdi ardaqlaw, ali'mlar ha`m ustazlardi' hu`rmet yyetiw ma`rtlik, insani'yli'q, kemtarli'q, a`dalatli'q, xadalli'q, haqgo`ylik si'yaqli' insani'y pa`ziletlerdi hu`rmetlewde ibrat bolatug`i'n a`jayi'p qa`diriyatlari'mi'z ko`p. Bilim ha`m zeyinnin` ja`miyet rawajlani'wi' ha`m shaxs ma`nawiy-a`dep ikramli'q kamalati' ushi'n a`hmiyeti wog`ada u`lken. Bilim yen` u`lken bayli'q yekenligi, du`n`yada wonnan qa`dirlirek hesh na`rse joqli'g`i' haqqi'nda a`yyemgi Hind da`stani' «Qalila ha`m Dimna», Nizomulktin` «Siyasatnama», Nasi'r Xi'srawdi'n` «Saodatnama», «Tushnoma», Yusup Has Hajibtin` «Qutadg`u bilig», Axmed Yugnakiydin`

---

[16] Отамуратов С, Хусанов С, Раматов Ж. Маънавият асослари. Т., А.Қодирий номидаги халк мероси нашриёти, 2002, 154-155-бетлер

«Hibatul haqoyiq», Axmed Yassaviydin` «Devoni hikmat», Alisher Nawayi'ni'n` «Hamsa» si'yaqli' ja`ha`nge belgili shi'g`armalari'nda bir-birinen mazmunli' pikirler bayan etilgen.

Sonli'qtan ka`mil insan tu`siniginin` uli'wmainsani'y a`hmiyetke iye yekenligi belgili. Ka`mil insan uli'wmainsani'y qa`diriyat si'pati'nda bahalani'p, shi'g`i's xali'qlari'ni'n` uzaq a`sirler dawami'ndag`i' maqset-muradi' bolg`an. Mi'sali', Farabiydin` «Fazi'l sha`ha`r puqaralari'ni'n` ko`z qaraslari'», «Ni'zamlar haqqi'nda kitap» ha`m t.b. shi'g`armalari'nda ka`mil insan tuwrali' pikirler ko`rsetiledi. Oni'n` pikirinshe, insanni'n` jen`iske yerisiwi, jaqsi'li'qti' qolg`a kirgiziwi ha`m moralli'q ja`ne aqi'li'y jetiskenlikke jokari' da`rejede erisiwi wo`z qoli'nda boladi'.

Ka`millik - mehir-miriwbet, a`dillik, tuwri'li'q, hu`jdan, ar-nami's, yerk, isbilermenlik, jiger si'yakli' ko`plegen hasi'l insani'y qa`siyet ha`m pazi'yletlerdin` ji'yi'ndi'si' boli'p tabi'ladi'.

Ka`mil insan ideyasi' a`zel-a`zelden xalqi'mi'zdi'n` iygilikli arzi'wi', millet ma`nawiyati'ni'n` u`zliksiz bir bo`legi boli'p kelgen. Zardushtiyliktin` muqaddes kitabi' «Avesto»da hadal miynet jetikliktin` tiykarg`i' wo`lshemi si'pati'nda tu`sindiriledi. Ka`mil insan ideyasi' islam filosofiyasi'nan azi'qlani'p, ja`ne de ken`irek ma`nis-mazmung`a iye boldi'. İbn Sino, Beruniy, Farabiy, Nawayi' si'yaqli' dani'shpanlardi'n` jetik insandi' ta`rbiyalaw haqqi'ndag`i' pikirleri ja`miyet rawaji'na jan`a ma`nawiy imkaniyatlar izlew maqsetleri menen baylani'sli' bolg`an.

Ka`millikke yerisiwdin` yen` a`hmiyetli qurallari',— deydi Farabiy,— ta`lim ha`m ta`rbiya boli'p tabi'ladi'. Ta`lim, oni'n` pikirinshe, teoriyali'q iygiliklerge u`yretse, ta`rbiya iygilikli a`deplilik qa`siyetlerine u`yretedi.

Farabiy a`depli, jaksi' minez-kuli'qli' insan degende ilim-bilimge umti'latug`i'n, haqi'yqat ha`m a`dillik ushi'n gu`resetug`i'n, nahaq so`zlerdin` dushpani', wo`z pikirinde tura alatug`i'n adamlardi' na`zerde tutadi'. Bunday insan boli'w ushi'n adam wo`zine to`mendegi won yeki qa`siyetti ja`mlestirgen boli'wi' lazi'm: jaqsi' densawli'q; wo`tkir zeyin; bekkem yad; tez sheshimge

keliw; shiyrin til; ilim-bilimge umti’li’w; zi’yanli’, kumar oyi’nlari’nan ji’raq boli’w; haqi’yqatti’ ha`m a`dillikti su`yiw; ar-nami’sli’ boli’w; du`n`yaxor bolmaw; pa`rwana boli’w; wori’nsi’z wo`jet bolmaw.

Ka`mil insan ma`selesi shi’g`i’s xali’qlari’ ushi’n ha`r qashan da a`hmiyetli boli’p kelgen. Ulli’ o`zbek shayi’ri’ Nawayi’ni’n` do`retpesinde de wo`mir joli’nda jetikliktin` barli’q qi’rlari’ wo`z sa`wleleniwin tapqan. «İnsan qa`lbinin` kuwani’sh ha`m kayg`i’si’n, jaqsi’li’q ha`m wo`mir mazmuni’n Nawayi’day teren` sa`wlelendirgen shayi’r du`n`ya a`debiyati’ tariyxi’nda kemnen-kem tabi’ladi’. Ana tiline muhabbat, oni’n` ten`i-tayi’ joq bayli’g`i’ ha`m ulli’li’g`i’n anlaw sezimi bizin` sanami’zg`a, juregimizge en` da`slep Nawayi’ do`retpeleri menen kirip keldi»[17]. Nawayi’ jaratqan ka`mil insan obrazi’-aqi’li’y ha`m fizikali’q jetiskenlikti bir-birine ushlasti’rg`an, xali’q g`ami’ menen jasaytug`i’n insan.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n` ulli’ shayi’ri’ A`jiniyaz da ka`mil insan ushi’n jarasi’qli’ pazi’yletler tuwrali’ bahali’ pikirler bildiredi: «Wo`tirikti ras etip aytpag`an»; «So`ylegende so`zdin` parqi’n bilmegen, Adam degen bilan insan bolurmi’w»; «Wo`zin` dana boldi’n` ha`m aqli’n` jetik...». Wol jetik insanni’n` en` ag`la pazi’yleti si’pati’nda xali’qqa muhabbatti’, xali’q ushi’n miynet yyetiwdi atap ko`rsetedi.

Tariyxqa na`zer taslasaq, ulli’ shaxslardi’n` iskerligi sheber sho`lkemlestiriwshilik, teren` bilimlilik penen g`ana yemes, al olardi’n` a`dep-ikramli’li’g`i’ ha`m a`debi menen de joqari’ ma`nis-mazmung`a iye bolg`an. A`deplilik basqalardi’ g`ana yemes, wo`zin de hu`rmet yetiw demekdur. A`sirese, bizlerdin` milliy da`sturlerimizge ko`re, insanni’n` jetikligi, yen` da`slep, woni’n` moralli’q jetikliginde, ata-babalar miyrasi’n teren` u`yrenip, woni’ bayi’ti’w, u`lken-kishige xu`rmet ko`rsyetiw babi’ndag`i’ xa`reketlerinde ko`zge ko`rinedi. Ka`millik da`rejesin xa`r kim o`zinshe belgiley almaydi’. Ka`millik xa`r bir shaxsti’n` o`zine qarag`anda basqalarg`a jaqsi’rak ma`lim boladi’. Ka`mil insan - qulli’k, g`a`rezlilik, baqi’mandali’qtan pu`tkilley quti’lg`an insan. Wo`ytkeni

[17] Каримов И. А. Юксак маънавият - енгилмас куч. Т., «Маънавият» 2008, 47-48 бетлер

insan birewge qulday yerse, demek sotsialli’q jaqtan wol hesh na`rsege erispegen boladi’. Ka`mil insan o`z ja`ma`a`ti, Watani’, xalki’ni’n` ma`plerine jat, zi’yanli’ ideyalardi’ tarqatatug`i’n adamlardi’n` keyninen ko`re-bile turi’p yerip kete bermeydi, sergek ha`m belsendi boladi’.

Dani’shpan babami’z Farabiy so`zi menen aytqanda «xali’qi’ xosh a`depke iye bolmag`an ma`mlekette ha`kimiyatqa za`ru`rlik seziledi». Demek, ja`miyettin qanshelli demokratiyalasi’wi’ insan yerki ha`m huqi’qlari’ni’n` qanshelli toli’q ta`miyinleniwi yen` da`slep ma`mleket xalqi’ni’n` peyline, minez-qulqi’na, ma`deniy-moralli’q ha`m ma`nawiy jetikligine baylani’sli’ yeken. Yeger xali’q wo`z xuqi’q normalari’ shen`berinde a`meldegi ni’zamlarg`a boysi’ni’p jasawdi’ turmi’s ta`rizine aylandi’rsa, wo`z is-xa`reketlerin belgili bir ni’zam-qag`i’ydalar bag`dari’na tu`sire alsa g`ana, joqari’ aqi’l-parasat, a`dep-ikramli’li’q kategoriyalari’n turmi’sti’n` ha`r bir demlerinde ju`zege shi’g`ara alsa g`ana ja`miyettin` ma`nawiy kelbeti ha`m jetik shaxsti’n` jasaw ta`rizi jetilisken, yerkinlikleri sheksiz boladi’.

Bizge belgili, adamzat ma`pleri ha`m talaplari’, maqset ha`m umti’li’wlari’ ju`da` ha`m ra`n` - ba`ren`likke iye. Wolardi’ ma`lim bir keskirt normag`a sali’w mu`mkin emes ha`m buni’ boldi’ri’w ushi’n anaw ya mi’naw da`rejede ha`reket ju`z bergende de woni’n` aqi’betleri jaqsi’ bolmaytug`i’nli’g`i’, ma`selen, adamlarg`a bir sheshimdi, bir ideologiyani’ ya du`zimdi tan`i’wdi’n` adamlardi’ birlestirmeytug`i’nli’g`i’n, al kerisinshe wolardi’ bir-birinen aji’rati’p, ha`tteki dushpanlasti’ratug`i’nli’g`i’ ha`m tariyxtan belgili. Basqalar isenimine, basqasha pikirlewge, basqa ma`deniyat wo`zgesheliklerine shi’dam ha`m a`liyjanabli’q qatnas, tek wo`zinikinin` yemes “wo`zgenikinin`” ha`m qa`diriyati’n esapqa ali’w, wolarg`a hu`rmet h.t.b. adamlarda bir-birine tek mawasa qatnasti’ boldi’ri’p qoymaytug`i’n, al wolardi’n` dialogqa kirip, yerkin pikirlewleri arqali’ tu`sinisiwleri ha`m adamzat iygiligi ushi’n birlikli ku`sh sali’wi’n belgileytug`i’n uli’wmainsani’yli’q baslama boli’p tabi’ladi’.

Usi’ sebepli de Prezident İ.Karimov yelimiz wo`z g`a`rezsizligine erisken ku`nnen baslap-aq ja`miyetlik rawajlani’wdi’n` negizlerin belgilewde

uli’wmainsani’yli’qti’n` milliyliktegi worni’ ha`m roline u`lken itibar bergen edi. Ma`selen, bul boyi’nsha

— uli’wmainsani’y qa`diriyatlarg`a sadi’qli’q
— xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y miyrasi’n bekkemlew ha`m rawajlandi’ri’w
— insanni’n` wo`z imkaniyatlari’na yerkin ju`zege shi’g`ari’wi’
— watanparwarli’q[18]

Bunnan, a`sirese, sol na`rse ju`da` ani’q ko`rinip turi’pti’, wol ha`m bolsa milliyliktin` uli’wmainsani’yli’q penen birlesiwi, wolardi’n` bir-birine birisiz biri bolmaytug`i’n da`rejede yenisiwi, kepserleniwi. Al usi’ negizler boyi’nsha milliy ideyami’zdi’n` tiykarg`i’ printsipleri qalipleser yeken, wondag`i’ uli’wmainsani’y qa`diriyatdi’n` u`stinligi talaplari’na toli’q juwapti’ tabi’w mu`mkin. Bul tiykarg`i’ ni’zam-Konstitutsiya da`rejesinde ha`m tasti’yqlang`an. O`zbekstan Respublikasi’ni’n` Konstitutsiyasi’ni’n` 12-stat`yasi’nda “O`zbekistan Respublikasi’nda sotsialli’q turmi’s siyasiy institutlar, ideologiyalar ha`m pikirlerdin` ko`p tu`rliligi tiykari’nda rawajlanadi’. Hesh bir ideologiya ma`mleket ideologiyasi’ si’pati’nda wornati’li’wi’ mu`mkin yemes” delingen[19].

Bul jerde, a`lbette, sog`an ha`m itibar berip wo`tiwimiz kerek, ma`mleket ja`miyetimiz siyasiy sistemasi’ni’n` yadrosi’, bas siyasiy institut si’pati’nda ja`miyet ag`zalari’n woylaw, pikirlew, ko`z–qaras ra`n`-ba`ra`n`ligi negizinde ideologiyali’q protsesslerdin` mudami’ aqi’lg`a muwapi’q da`rejede wo`tiwine ma`pdar. Woni’n` u`stine, ma`mleket wo`tiw da`wiri tusi’nda bas reformator si’pati’nda yelimizdin` ja`miyetlik turmi’si’ni’n` barli’q sferalari’nda turaqli’ rawajlani’wdi’ keleshegimiz talaplari’nan, ma`plerinen kelip shi’qqan halda iske asi’rar yeken, bul woni’n` ja`miyette milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n massani’n` sanasi’na yengiziw ha`m wolardi’n` bolmi’si’nda “predmetlestiriw” boyi’nsha aktiv iskerligi yesaplanadi’.

Bul jag`day ko`p g`ana rawajlang`an si’rt eller turmi’si’ ushi’n hesh ha`m jan`ali’q emes, qashshan aq o`z sa`wleleniwine iye. Duri’s, si’rttan qarag`anda ol

[18] Каримов И.А Узбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура 1-жилд-Т: Узбекистон, 1996 76-б
[19]Узбекистон Республикаси Конституцияси Т.: Узбекистон. 2003 5-б

eller puxaralari’ni’n` ideologiya menen isi joqtay ko`rinedi. Haqi’yqati’nda olay emes. Wolardi’n` ku`ndelikli turmi’s obrazi’na ma`lim derekler tiykari’nda na`zerimizdi qaratqani’mi’zda, ma`mleket puxaralari’ si’pati’nda o`zlerin ta`n ali’wi’, buni’ maqtani’sh tuti’wi’, sol sebepli de elinin` tek jetiskenliklerin ko`zde tuti’p qoymastan, qi’yi’nshi’li’qlari’na da basi’n awi’rti’p, balti’ri’n si’zlatatug`i’ni’ ani’q boli’p oti’r.

Wol ellerde puxarali’qqa ta`n huqi’qlardi’ basshi’li’qqa ali’w ha`m woni’ adamlardi’n` wo`zlerinin` ja`miyetlik ha`m individualli’q wwo`mir su`riwinde, jasawi’nda a`melge asi’ri’wi’ ju`da` basi’m. Bul boyi’nsha ha`rbir puxarag`a kishkene bala waqti’nan sanasi’na sin`dirilgeni: oni’n` erkinligi. Sol sebepli dun`yani’n` qaysi’ jerinde ju`rse de wo`z yelin, woni’n` puxarasi’ yekenligin maqtani’sh tutadi’ ha`m bul baslamani’ hesh ha`m jazdi’rmaydi’.

Soni’n` ushi’n da insanparwarli’qqa a`mel qi’li’w milliy ma`nawiyatti’n` wo`zegi, uli’wmainsani’y printsipi yesaplanadi’. Arti’g`i’raq bolsa da aytami’z, bir g`ana ma`mleket yag`ni’y xali’q bolmi’si’ shegarasi’nda yemes, al pu`tkil dun`ya masshtabi’ndag`i’ ba`rshe iskerlik insan menen baylani’sli’. Woni’n` shi’n ma`nisinde huqi’qqa iye boli’wi’, yerkinliginin`, soni’n` ishinde, pikirlew yerkinliginin` kepili ha`m bular ushi’n sharayi’tlardi’n` tosqi’nli’qlarsi’z mudami’ hu`kim su`riwinin` keskin a`melge asi’wi’ talap yetiledi. Kerisinshe jag`dayda insan aktivligi pa`seyedi, na`tiyjede ja`miyetlik turmi’sqa jan`alani’w ha`m wo`zgerisler yengiziw protsesi ha`m o`z imkaniyati’n jog`alti’p baslaydi’. Sebebi, ja`miyettin` ha`mme salalari’ndag`i’ jetiskenlikler da`rejesinin` deregi adamlardi’n` individualli’q ha`m ja`miyetlik wwo`mir su`riwindegi iskerliklerinin` almasi’wi’ndag`i’ haqi’yqi’y yerkinlikke bari’p tireledi.

Insan su’yiwshilik - adamlarda tu’rli millet xali’qlari’na miyrim sezimin o’yati’w. A’dalatsi’zli’q, ten’sizlik, jati’p isherlik, xu’jdansi’zli’q kibi a’dep-ikramli’li’qqa qarsi’ ha’reketlerge ayawsi’z gu’resti qa’liplestiredi. Xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y kelbetin belgileytug’i’n miymandosli’q, u’lkenlerge hu’rmet, toy-ma’resimlerde bir-birewge ko’meklesiw, qanday jag’day boli’wi’na qaramastan shan’araqti’n’ buzi’li’wi’na jol qoymaw kibi a’detler insani’yli’qti’n’ negizin

quraydi’. O’zbekistanda mayi’plar ja’miyeti, «Nawri’z», «Ma’xa’lle» qorlari’ insan su’yiwshilikti a’melge asi’ri’wg’a qarati’lg’an. O’lardi’n’ maqseti adamlarg’a miyrim-sha’pa’a’t, qi’ynalg’anlarg’a ma’det, ka’mbag’al ha’m muta’j adamlarg’a ja’rdem ko’rsyetiw boli’p, ha’zirgi ku’nde bul isler ju’da’ jaqsi’ jolg’a qoyi’lg’an.

Bunday insani’yli’q pazi’yletlerdi jaslardi’n’ sanasi’na sin’diriwde tariyxi’mi’zdi’ ha’m xalqi’mi’z arasi’nan shi’qqan bati’rlari’mi’zdi’n’ qi’lg’an ma’rtliklerin jaslari’mi’zg’a u’lgi qi’li’p ko’rsyetiwimiz za’rur.

Prezidentimiz Islam Karimovti’n’ aytqani’nday: «biz ushi’n tariyxi’y, ma’deniy, uli’wma ma’na’wiy qa’diriyatlar xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’n ba’lent saqlaw, jas a’wladti’ ta’rbiyalawda en’ tiykarg’i’ qural wazi’ypasi’ boli’p qalmag’i’ kerek».

## Juwmaqlaw

Ha’r qanday ideologiya o’zi jasap turg’an ja’miyettin’ ruwhi’y negizlerinen azi’qlang’ani’ si’yaqli’ milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ da xalqi’mi’zdi’n’ a’sirler dawami’nda jasap kiyati’rg’an turmi’s danali’g’i’, dun’yag’a ko’z-qarasi’, a’dep – ikramli’li’q qa’driyatlari’na tayanadi’. Al xali’q awi’zeki do’retiwshiligi ruwhi’y qa’driyatlari’mi’zdi’n’ baslamalari’nan biri. Solay eken, biz wo’z pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiligindegi a’dep–ikramli’li’q qa’driyatlari’ni’n’ sa’wleleniwi ha’m wo’ni’n’ milliy ideyani’ qa’liplestiriwdegi worni’n anlizley woti’ri’p to’mendegi juwmaqlarg’a keldik:

Birinshiden, qaraqalpaq tolg’awlari’nda, tariyxi’y qosi’qlari’nda, bati’rli’q ji’rlari’ ha’m da’stanlari’nda milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ni’n’ basli’ ideyalari’nan bolg’an azat ha’m abbat Watan, erkin ha’m pa’rawan turmi’s, Watanni’n’ gu’lleniwi, jurt ti’ni’shli’g’i’, xali’q pa’rawanli’g’i’ ideyalari’ wo’zinin’ teren’ tami’rlari’na iye. Eger tolg’awlarda xali’q azatli’g’i’, eldin’ g’a’rezsizligi birlik penen qo’rg’ap qali’nbasa, wo’g’an duri’s basshi’li’q etetug’i’n jurtbasi’lari’ bolmasa, qanday ulli’ ma’mleket bolsa da wo’z g’a’rezsizligin jog’alti’p, pa’rawan turmi’si’nan aji’ralatug’i’nli’g’i’ ashi’p beriledi.

Ekinshiden, da’stan qaharmanlari’ wo’zlerinin’ el–jurt azatli’g’i’ joli’ndag’i’ jan ayamay xi’zmet yyetiwi, gu’resiwi arqali’ jas a’wladqa eliklew u’lgileri bola aladi’.

Ushinshiden, ayi’ri’m da’stanlarda qaharmanlar menen woni’n’ dushpanlari’ni’n’ betpe–bet ashi’q gures yete almawi’ bu’gingi ku’ndegi geypara jasi’ri’n ideologiyali’q gu’resler halati’n yeske tusiredi. Da’stan qaharmanlari’n ma’kkar dushpanlari’ aldap- marbap, barsa kelmeske jumsawdi’, sol arqali’ wolardi’ saplasti’ri’wg’a umti’ladi’, wo’zlerin wolarg’a dos etip ko’rsetkisi keledi. Bu’gingi kun menen sali’sti’rsaq, wo’nda bazi’ ku’shlerdin’ xali’qqa ideologiyali’q qurallar menen ta’sir jasap, wo’zlerin wo’g’an dos ko’rsetip, g’a’rezli etip ali’wg’a uri’ni’p ati’rg’ani’n bayqawg’a boladi’. Usi’ qo’z qarastan jaqsi’–jamandi’, aq-qarani’ ayi’ri’wg’a u’yryetiw arqali’, belgili da’rejede

qaraqalpaq awi’z eki do’retiwshiligi ideyali’q immunitettin’ qa’liplesiwine unamli’ ta’sir jasawshi’ faktor boli’p tabi’ladi’.

To’rtinshiden, xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde a’dillik, ten’lik, barli’q adamlardi’n’ do’sli’g’i’, xali’qlar arasi’ndag’i’ awi’zbirshilik sa’wlelengen. Bul ideyalar bu’gingi ku’nde de ta’sirshen’ bo’li’p tabi’ladi’ ha’m milliy ideyani’n’ uli’wma insaniy qa’driyatlardi’n’ u’stinligi, ten’lik, milletler ara tati’wli’q, sotsialli’q birge islesiw kibi ideyalari’na u’nles keledi ha’m o’lardi’n’ xali’q sanasi’nda, qa’lbine teren’ wornawi’na unamli’ ta’sir jasaydi’.

Besinshiden, qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde milletimiz, ma’mleketimiz keleshegi bolg’an ba’rkamal a’wladqa ta’n a’dep–ikramli’li’q pa’ziyletler ji’rlanadi’. Tuwri’ so’zlik, a’dillik, iyman, insap, tati’wli’q, dosli’q, wa’dege wopadarli’q, belgili bir ka’sip iyesi boli’w, hadal miynet penen ku’n keshiriw, pa’rawan turmi’sqa umti’li’w si’yaqli’ ideyalar bekkem wori’n alg’an. Uti’mli’ jeri bul ideyalarg’a jaslar tek jalan’ shaqi’ri’q, zeriktirerlik sa’wbetler, yaki pa’ndiw –na’siyat arqali’ emes, al ra’n’ –ba’ren’ obrazlardi’ emotsional qabi’l yyetiw protsessinde ta’rbiyalanadi’. Folklordag’i’ unamli’ qaharmanlarg’a yeliklew ha’m, kerisinshe, unamsi’z qaharmanlardi’ a’shkaralaw arqali’ ideyali’q ta’rbiyani’n’ na’tiyjeliligi artadi’.

Di’qqatqa turarli’ ta’replerinin’ biri qaraqalpaq awi’zeki do’retiwshiliginde bu’gingi kunde pozitiv moralli’q qa’siyetlerdin’ biri si’pati’nda bahalani’p kiyati’rg’an isbilermenlik, istin’ ko’zin taba biliw pa’ziyletleri de belgili da’rejede wori’n alg’an. «Qalawi’n tapsan’, qar janadi’», deydi dana xali’q. En’ a’hmiyetli ta’replerinin’ biri xali’q awi’zeki do’retiwshiligi adamlardi’ yerinsheklik illetlerdin’ basi’, jarli’li’qti’n’ deregi ekenligine isendiredi ha’m wonnan awlaq boli’wg’a shaqi’radi’.

Solay etip, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ awi’zeki do’retiwshiligi wo’zinin’ janrlari’ ha’m formalari’ jag’i’nan og’ada ra’n’–ba’ra’n’ ha’m mazmuni’, ideyalari’ jag’i’nan ku’ta’ ta’sirshen’ ideyali’q ta’rbiya qurali’ bo’li’p tabi’ladi’. Wo’ni’n’ ta’sirshenligi xali’qti’n’ mentaliteti, woylawi’, dun’ya tani’mi’ menen, turmi’s ta’rizi menen uyg’i’nli’g’i’ arqali’ ja’ne de artadi’. Sonli’qtan biz ideyali’q ta’lim –

ta’rbiya islerinde qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginin’ bul ulken ta’rbiyali’q potentsiali’nan uti’mli’ paydalani’w kerek dep sanaymi’z. Juwmaqlap aytqanda xali’q awi’zeki do’retpeleri jaslardi’ uqi’pli’li’qqa, zeyinlilikke, tapqi’rli’qqa, hadalli’qqa ta’rbiyalaydi’.

## A’debiyatlar:


1. O’zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. –Toshkent: O’zbekiston. 2008.

2. Karimov İ.A. Yuksak ma`naviyat–engilmas kuch. –Toshkent: Ma`naviyat. 2008.

3. Karimov İ.A. Yuksak ma`naviyatsiz kelajak yo’q. 5-jild. –Toshkent: O’zbekiston. 1997.

4. Karimov İ.A. Amir Temur – faxrimiz, g`ururimiz. 5-jild. –Toshkent: O’zbekiston. 1997.

5. Karimov İ.A. O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi qabul qilinganining 22 yilligiga bag`ishlangan tantanali marosimdagi ma`ruzasi. Toshkent 6 dekabr 2014yil.

6. O`zbekiston Prezidenti Islom Karimovning mamlakatimizni 2014 yilda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirish yakunlari va 2015 yilga mo`ljallangan iqtisodiy dasturning eng muhim ustuvor yo`nalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma`ruzasi

7. Bazarbaev J. Milliy ideya - jol ko’rsyetiwshi juldi’z. Nokis «Qaraqalpaqstan». 2011.

8. Bazarbaev J. Adep filosofiyasi’. Nokis «Qaraqalpaqstan». 2010.

9. Bazarbaev J. Milliy ideya – bizin’ ideyami’z. Nokis «Bilim». 2003.

10. Bazarbaev J. Danali’g’i’ go’zzalli’qqa ulasqan shayi’r. Nokis «Bilim».2008.

11. Bazarbaev J. Ruwxi’yati’mi’z marjanlari’ yamasa u’lgili el u’lkenin, Ko’regenli el o’tkenin qa’sterleydi. Nokis «Bilim».2008.

12. Sulaymanov O. Keleshek mektepten baslanadi’. Nokis “Bilim”. 1997.

13. Qaraqalpaq folklori’. No’kis. «Qaraqalpaqstan». 2007.

14. Qadiriyatlar - manawiyat arnasi’. Nokis. «Qaraqalpaqstan». 2013.

15. Maqsetov Q., Tajimuratov A. Qaraqalpaq folklori’.No’kis. 1979j.

16. Ortiqov N. Ma`naviyat: milliy va umuminsoniy qadriyatlar.T.1997y.

17. Ruwxi’yli’q tiykarlari’. Oqi’w qollanba. Nokis «Qaraqalpaqstan». 2009.

18 . Paxratdinov A’. A’jiniyaz do’retpelerinin` sag`alari’. «Qaraqalpaqstan jaslari’». 1994j 19-noyabr.

19. Yusupov E. İnson kamolatning ma`naviy asoslari. T.1998y.

20. Ajiniyaz. Bu’lbilziban.Tan’lamali’ shi’g’armalari’. No’kis. 2014.

21. A’leuov O’. A’jiniyazdi’n` ag`arti’wshi’li’q oylari’. No’kis. Qaraqalpaqstan, 1982j.